ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№137 (22.795) • 2014 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 17, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Я гуауэр ди гуауэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я щІэкІэ КІуэкІуэ Юрий Москва и Іэтащхьэ Собянин Сергей хуэгузэващ щІыхуипщІхэр хэкІуадэу Москва и метрополитеным насыпыншагъэ къызэрыщыхуам къыхэкІыу.

Республикэм щыпсэухэм я гум щІыхьащ, ди Іыхьлыхэр зыфІэкІуэда унагъуэхэм я гуауэр къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Ю. А. икІи ахэр щогугъ фэбжь зыгъуэтахэм я узыншагъэр псынщІэ дыдэу зэфІэзыгъэжьым.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, Москва и метрополитеным насыпыншагъэр къыщыхъуащ, гъубж пщэдджыжьым. МафІэгум и вагоницІ гъуэгум къыщытекІащ Арбат-Покровскэ лъэныкъуэм и «Славянский бульвар», «Парк Победы» станцхэм я зэхуакум. Иужьу къызэратамкІэ, а гузэвэгъуэм щІыпу 22-рэ хэкІуэдащ, 160-рэ уІэгъэ хъуащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Хэхыныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм щыІэ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» фракцэм и унафэщІыр къызытекІухьа мурадхэм, Къэрал Думэм къыщащта унафэхэм яцыщу нэхъ мыхьэнэ зиІэу къилъытэм, ЖКХ-м, нэгуэщІ Іэхугъуэхэми.

- Нэхъыбэу сыкъызытекІухьар хэхыныгъэхэм я Іуэхугъ, - жиІащ Мироновым. - Ауэ щыхъуКІи, КъБР-м щекІуэкІ нэгуэщІ Іэхугъуэхэм дыкІэлъоплъ. Нобэкіэ ар щыгугъущ егъэджэныгъэм, ЖКХ-м, медицинэм. Щхьэхуэу кІуоуэ терроризмэм и Іуэхури. Сыт щыгъуи дыхущІокъуу гулъытэ хуэныкъуэм зыщІэдгъэкъуэну. Псэлъэм и хьэтыркІэ, нобэ дыщыІащ Лэскэн районым и Анзорей къуажэм. Здгъэлъэгъуащ абы щаухуэ сымаджэщыр. ГурыІуэгъуэщ республикэм и мылькукІэ хуэзыгъэр нэщІыса зэрымыхъунур. Дэ щІэгъэкъуэн дыхъунущ сымадджэщи и ухуэныгъэр нэхъ щІэхыу яухын папщІэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щызэхэтащ хэхакІуэ зэгухьэныгъэхэм финансхэмкІэ я уполномоченнэ лІыкІуэхэм я семинар-зэІущІэ. Абы щызэпкърахащ республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хэхыным зыхуэгъэхьэзырыным пыщІа Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и кІуэдзэ Евтушенкэ Сергей и пэублэ псалъэм къызэрыхигъэщамкІэ, хэхакІуэ зэгухьэныгъэхэм къызэгъэпэщыныгъэ зэІущІэхэр щызэфІэкІащ, политикэ партхэм я щІыналъэ къудамэхэр ІэІэтхэм зэрыхьхьэну спискхэр абыхэм щагъэбелджылащ. Ахэр 10 мэхъу. Апхуэдэщ «Урысей зэкъуэтыр», «Урысей Федерацэм и Коммунист партыр», «Захуагъэ зэщІыІэ Урысейр», «Урысейм и хэкупсэхэр», «Хэкур», «Урысейм и либерал-демократ партыр», «Яблоко» Урысей демократие партыр, «ЩхьэнтІагъэ» экологие партыр, «Коммунист парт - Урысейм и коммунистхэр», «Лэжьыгъэ зэгухьэныгъэ» партыр.

- Къэтщта планым тету долажьэ, хъыбар къызэрыдагъэщІамкІэ, кандидатхэм, хэхакІуэ зэгухьэныгъэхэм хэхыныгъэхэмкІэ я фондхэр къызэрагъэпэщын папщІэ, язынныкъуэхэм счет щхьэхуэхэр къызэІуахуэ, политикэ партхэм финанс Іуэхухэмкіэ я уполномоченнэхэм мылъкур зэрызэхуагъакІуэ щыкІэм зыхагъэгъуэзащ. Адрейхэм ар къапэщытщ, - къигъэлъэгъуащ Евтушенкэ Сергей.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хэхакіуэ комиссэм и къэпщытакІуэ-ревизэ къудамэм и унафэщІым и кІуэдзэ Биткоку Рашид щхьэхуэу тепсэлъыхьащ хэхныгъэмкІэ фондхэм зэрадэлэжьапхъэм. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, хэхакІуэ зэгухьэныгъэхэм я фондхэм ахъшэ щыхалъхьэкІэ (щагъэхькІэ) къагъэлъагъуэ Іуэхухэр къапщытэну зэрыхуагъэув, абы къыркІуахэр зэратхьж щІыкІэр накъыгъэ кІуам и 14-м къащтащ. Иджы а хабзэм тету, хэхныгъэмкІэ фондхэм мылъкуу зэхуахьэсымрэ ар зыхалъхьэмрэ учет ящІын хуейщ. Апхуэдэ Іуэхукіэ сом мелуан 20 нэхъыбэ къагъэсэбэпыну хуитканы. И мылъку хэзыльхьэм и унэцІэр, и цІэр, и адэцІэр, къыщалъхуа гъэр, щыпсэу щІыпІэр, паспортым е абы хуагъадэ тхылъым къыщыгъэлъэгъуахэр, къэралым зэрыщыщыр етх. Хамэ къэралхэм, нэгуэщІ къэрал организацэхэм, хамэ къэралхэм щыщ цІыхухэм, гражданствэ зимыІэхэм, УФ-м и цІыхуу Іэ щІэтыну махуэм ирихьэлІэу илъэс 18 иримыкъуахэм ахъшэ халъхьэу ядэркъым. Битокъу Рашид зэхуэсахэм яхуиІуэтащ хэхакІуэ зэгухьэныгъэхэм хэхыныгъэмкІэ я фондхэм я мылькур мурад пыухыкІам зэрытещІыхьар, ар хабзэкІэ къызэрыгъэсэбэпыпхъэм, фианс отчетыр зэрагъэхьэщыр щыкІэмрэ абы хуэхах пІалъэмрэ хигъэгъуэзащ.

Къыкілэлыкілуэу, КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и къэпщытакІуэ-ревизэ къудамэм и унафэщІым и кІуэдзэ КъуэщІысокъуэ Залым республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хэхыным пыщІа Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр зэпкърихащ. Апхуэдэщ Іэіэтым хэтыну псоми зэхуэдэ Іэмал къахуэзгъэпэщыным, ятха кандидатхэм я Іэнатіэхэм щІэ щэспІэхэр зыхуэдам, хэхакІуэ зэгухьэныгъэхэм я дзыхь зрагъэзэхэм теуухуахэр, нэгуэщІхэри.

Къызэхуэсахэм я упщІэхэм жэуап ягъуэта нэужь, хэхакІуэ зэгухьэныгъэхэм финанс Іуэхухэмкіэ я уполномоченнэ лІыкІуэхэм тхылъхэр (удостоверенэхэр) иратащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● КъБР-м и ХэхакІуэ комиссэм

Зи чэзу Іуэхугъуэхэм щытопсэлъыхь

● Ди хьэщІэхэр

Къэрал Думэм къыщащта унафэхэм яцыщу Мироновым нэхъыщхьэ къеІуэтэ щІымахуэ зэманым дызэрытехьэжамрэ ОСАГО-м и унафэмрэ.

- НэгуэщІ унафэхэм я щапхъэ къэсхьыфыну къыщІэкІынукъым, сыту жыпІэмэ, абыхэм апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ яІэу къэслъытэркъым, - къыхигъащащ фракцэм и унафэщІым.

«Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент Белых Наталье щІэупщІащ къэралым ЖКХ-м щиІэ щытыкІэм, илъэс ныкъуэ пІалъэм къыриубыдэу здынэсамрэ нэмыщІысауэ къэнахэмрэ. «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» фракцэм хэт Бурков Александр тепсэлъыхьащ «Захуагъэ здэщыІэ ЖКХ» проектым. Къыхигъащащ компание нэхъыщхьэхэм хабзэм къемызэгъыу къыхаха мылъкур цІыхухэм зэрыхуагъэшыжар.

- 2012 - 2014 гъэхэм къриубыдэу цІыхухэм хагуэшэжащ сом мелуан 200-м нэблагъэ. «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» фракцэм, ЖКХ-м теухуа ди проектым я фІыгъэкІэ, щІыналъэхэм захуагъэр тепщэ щохъу, - жиІащ Бурковым.

Тележурналист Магомедовэ ФатІимэ («1КъБР») Миронов Сергей еупщІащ гъэмахуэм зыщигъэпсэхуну щІыпІэмкІэ. ХьэщІэм жиІащ и учгъуэр и гъусэу Къырымым, Севастополь къалэ, зэриунэтІынур.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Ди къуэш республикэхэм

Адыгэ, къэзакъ цІыхубзхэм ятеухуауэ

АДЫГЕЙ. ***Ростов областым хыхьэ Вешенскэ станицэм дэт къэрал музей-заповедникым республикэм и Лъэпкъ музейм адыгэ, къэзакъ цІыхубзхэм ятеухуа гъэлъэгъуэныгъэ щрегъэкІуэкІ.***

ВЫСТАВКЭМ щагъэлъагъуэ Лъэпкъ музейм и археологие фондым и экспонатхэр - илъэс мин бжыгъэ ипэ лъандзрэ цІыхубзым къыдекІуэкІ хьэпшыпхэр. Адыгэ, къэзакъ цІыхубзхэм я лэжьыгъэр, я гъащІэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ Іуэхугъуэхэр, я щыгъынхэр, зэрызагъэщІэращІэ, я Іэрыкі хьэпшыпхэр, керамикэ, хьэкъущыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр, нэгуэщІ хьэлэмэт куэд утыку кърахьащ. Гъэлъэгъуэныгъэр мазитКІэ екІуэкІынущ.

Сабий 250-рэ щаІыгъыну сад

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид и унафэкІэ Черкесск щызэхуаблащ сабий 250-рэ щаІыгъыну сабий сад уху ныр. Ар 2015 гъэм ятІну я мурадщ.***

САБИЙ садыр курыт еджапІэ №15-м и гъунэгъу ящхуэ. Абы ясельнэ гупым щыщІэдзауэ екІуэлІэнущ. Ар зи школ кІуэгъуэ мыхьуахэм хуэщІа иджырей Іуэхущ Іапі Іэу щытынущ. Проектым къызэрыхэщІымкІэ, уху ныгъэм макъамэ, спорт залхэр, жеипІэ, джэгупІэ пэшхэр, къищынэмыщІауэ, медицинэ, административнэ, нэгуэщІ пэшхэр хэтынущ.

КъШР-м и Іэтащхьэм къалэн зэращищІам ипкъ иткІэ 2014 - 2015 гъэхэм республикэм социальнэ, инженер Іэнатіэу 153-рэ яухэнущ икІи зэрагъэпэщыжынущ. Ухуэныгъэхэм КъШР-м и муниципальнэ къалэхэмрэ районхэмрэ къызэщІауфыдэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 17, *махуэку*

♦**Дзэ-Тенджыз Флотым и авиацэм и махуэщ**

♦**Корее Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - я Конституцэм и махуэщ**

♦1918 гъэм Романовхэр я унагъуэр Екатеринбург щаукІащ.

♦1942 гъэм Сталинград зауэм щИдзащ.

♦1944 гъэм Москва щекІуэкІащ «ЗытекІуэхэм я парад». Нэмыцэ сэлэт гъэру мин 50-м щІигъу ирикІуащ ди къалащхьэм и уэрамхэм.

♦1945 гъэм ЕтІуанэ дунейпсо зауэм текІуэныгъэр къыщызыхьа къэралхэм я Іэтащхьэхэм я Берлин (Потсдам) конференцыр къызэІуахащ.

♦1967 гъэм Лениным и цІэр зэрихьэу Арщыдан щыІэ колхозым Ленин орденыр къратащ.

♦КъШР-м и Правительствэм и УнафэщІу лэжьа **Уэз Анатолий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Германием я канцлер **Меркель Ангелэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Шэрджэс сурэтыщІ **Къардэн Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 20 - 24-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 18, *мэфем*

♦**Манделэ Нельсон и дунейпсо махуэщ**

♦Ди эрэм и 64 гъэм Рим мафІэм исат. Район 14-м щыщу къэнар плІы къудейт.

♦1941 гъэм Къардэн Къубатий ятІэ фашист къхъулъатэр къриудыхащ.

♦Къэрал лэжьакІуэ, политик цІэрыІуэ, СССР-м нэгуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министру илъэс куэдкІэ щыта **Громыкэ Андрей** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, литературовед, искусствовед **КІуарашын БетІал** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Зумакуловэ Танзиля** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ щыхъунущ.

♦**Ди эрэм и 64 гъэм Рим мафІэм исат. Район 14-м щыщу къэнар плІы къудейт.**

♦**1941 гъэм Къардэн Къубатий ятІэ фашист къхъулъатэр къриудыхащ.**

♦**Къэрал лэжьакІуэ, политик цІэрыІуэ, СССР-м нэгуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министру илъэс куэдкІэ щыта Громыкэ Андрей къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.**

♦**ТхакІуэ, литературовед, искусствовед КІуарашын БетІал къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.**

♦**КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Зумакуловэ Танзиля къыщалъхуа махуэщ.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 20 - 24-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Я лъэІур къалъытэ

Налшык дэт «Колос» хьэщІэщым и гупэкІэ (Пащ Іэмрэ Ахъуэхъумрэ я уэрамхэр щызэхэхьэкІым) кІыхьу ирикІуэ сату щІыпІэхэр Іуахынукъым, «Центральнэ» бэзэр комплексым и унафэщІхэм а щІыпІэр зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыным ехьэлІа проект щхьэхуэ ягъэхьэзыру, Іуэхур зэтес щІыным иужь ихьэху.

АПХУЭДЭ унафэ къиштащ Налшык къалэ администрацэм. А унафэм ипкъ иткІэ абдежым щызэхьхьэ цІыхухэм ящыщу нэхъ хуэмыщІауэ псэухэр сату щащІыну Іэнатіэхэмкіэ къызэрагъэпэщынущ. Апхуэдэу проектым къыхэщу щытын хуейщ а щІыпІэм хабзэгъэ хабзэхэм, щІэпхъаджэгъэхэмрэ фІыгъэсымрэ къэмыгъэхъуным пыщІа Іуэхухэм ткІийуэ щыкІэлъэплъын зэрыхуейр.

Куэд зэрыщыгъуаз-щи, зи гугъу тщІы щыпІэм сату щызыщІхэм къалэ администрацэмрэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ зэгъусэу апэщІэту щытащ, а уэрам зэхэкІыпІэм къабзагъэ хабзэхэр къызэпыуда зэрыщыхъум къыхэкІыу. Иужьрей апхуэдэ Іуэхугъуэм сату зыщІэкІ арэзы темыхъуэу, КъБР-м и Правительствэмрэ къалэ администрацэмрэ я унафэщІхэм зыхуагъэзащ. Аэр лэджэжащ щыхуэхэм я лъэІум икІи зи гугъу тщІа проектыр ягъэхьэзыру Іуэхур зэфІэхыныр нэхъ игъуэу къалъытащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ щыхуэхэр здэпсалъэ хъун телефонэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Гъэмахуэ нэгузыужь

Тэрч район администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм илъэс къэс иджы хуэдэ гъэмахуэ лъэхъэнэм ирегъэкІуэкІ «Хьэблэдэсхэм я гуфІэгъуэ зэІущІэ» зыфІищта зэхьыхьэхэр.

САБИЙХЭМРЭ щІалэгъуалэмрэ лъэпкъ щэнхабзэм фІыуэ хащІыкІыу къыдэкІуэтэиным, къалэдэсхэм я гукъыдэжкІр къэІэтыным хуэунэтІа мы Іуэхур хьэбли 8-м щагъэкІуэкІыну хунэсащ. Абыхэм я дэтхэнэри ягъэбжьыфІащ Джылахъстэнейм и художественнэ ансамблхэм ята концертхэм. Хьэблэ къэс артистхэр гуапэу ирагъэблэгъащ икІи Іэгуауэшхуэ хуаІэтащ абыхэм ягъэзащІэ уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ. КъищынэмыщІауэ, хьэблэдэсхэр ирагъэплъащ гушыІэ спектакль пычыгъуэхэм.

Гъэмахуэр икІыху апхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэр къалэм и щІыпІэ псоми щекІуэкІынущ.

ГУЭДЭЫМ зы гектарым хуэзэу центнер 35 - 40, хьэпЦийм - центнер 20 - 25-рэ къытрахащ. Абы къыдэкІуэу рапсри кІэрыхуншэу Іуахыжащ.

Мы гъэм горох щхьэунтІэу Джылахъстэнейм къыщрахьэлІащ гектар 700, зы гектарым центнер 40 - 50 къриту. Апхуэдизу бэгъуа джэшхэкІр занщІэу консерв заводхэм ирагъашэ, зэрелэжьыным хуэдэу.

ЩІэх-щІэхыурэ уэшхыр къешха пэтми, мы районыр зэрытафэтесым къыхэкІыу, щІым псыІагъэр къомэщІэкІ. Абы щхьэкІэ язынныкъуэ мэкъумэщІ Іэнатіэхэм нартыхум псыр щІагъэлъэдэн хуей мэхъу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тэрч щыналъэ

Гъавэр Іуахыж

Мы зэманым ирихьэлІэу Тэрч районым гъавэу гектар мин 1.5-рэ къыщрахьэлІэжащ.

ГУЭДЗЫМ зы гектарым хуэзэу центнер 35 - 40, хьэпЦийм - центнер 20 - 25-рэ къытрахащ. Абы къыдэкІуэу рапсри кІэрыхуншэу Іуахыжащ.

Мы гъэм горох щхьэунтІэу Джылахъстэнейм къыщрахьэлІащ гектар 700, зы гектарым центнер 40 - 50 къриту. Апхуэдизу бэгъуа джэшхэкІр занщІэу консерв заводхэм ирагъашэ, зэрелэжьыным хуэдэу.

ЩІэх-щІэхыурэ уэшхыр къешха пэтми, мы районыр зэрытафэтесым къыхэкІыу, щІым псыІагъэр къомэщІэкІ. Абы щхьэкІэ язынныкъуэ мэкъумэщІ Іэнатіэхэм нартыхум псыр щІагъэлъэдэн хуей мэхъу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къурехъуапсэ я зэфІэкІым

● Щэнхабзэ

Щукин Борис и цІэр зэрихьэу Москва дэт Театр институтыр къызэрыунэхурэ мы гъэм илъэси 100 зэрырикъур къэралым щагъэлъапІэ. Дызэрыгушхуэнщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ди актер нэхъ цІэрыІуэхэри абы щеджащ, куэдыр а еджапІэм гукъэкІыж гуапэкІэ епхащ.

МЫ ЗЭМАНЫМ а еджапІэм и адыгэ студием щоджэ ди щІалэгъуалэ зыбжани: Батыр Іэдэм (Акъбащ Ипщэ щыщщ), Багъ Иннэ (Іэдииху), Блашэ Имран (Налшык), Джатэжьокъуэ Константин (Дзэлыкъуэкъуажэ), Зэмай Аминэ (Нарткъалэ), Жыкъуэ Назир (Нарткъалэ), Къурмэн Регинэ (Щхьэлыкъуэ), Сабаншы Еленэ (Зеикъуэ), Сэмэн Астемыр (Болэтэй), МафІэдз Заирэ (Шэджэм), Щоджэн Асир (Нарткъалэ), Шыпш Къантемыр (Налшык).

Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщІэхэмрэ взэсэмахуэ щызэІуащІащ КъБР-м и Театр лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унэм. Москва щыщыІа илъэсхэр, езыгъэджахэр ягу къагъэкІыжащ, театрым епха Іуэхухэм тепсэлъыхьащ, зыІэрагъэхьа екъулІэныгъэхэмкІи пшыхьэм кърихьэлІахэм ядэгугъэщащ. КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьадин къыхихъэщащ зи илъэси 100-р зыгъэлъапІэ Театр институтыр нэхъыфІ дыдэхэм ящыщу, абы щезыгъаджэхэм Іэщ Іагъэ нэсрэ зэфІэкІрэ ябгъэдэлъу къызэрилъытэр.

Зэхуэсым и хьэщІэ Іапі эу щытащ актрисэ, егъэджакІуэ, Щукин Борис и цІэр зезыхьэ Театр институтыр 1978 гъэм къэзыуха Ворошиловэ Людмилэрэ Станиславскэм и цІэр зезыхьэ Москва драмэ театрым и актёр, егъэджакІуэ Сажин Владимиррэ. «Ар еджапІэ къудейтэкъым, ди унэ пэльытэт. ЕгъэджакІуэхэри къызэрытухущытыр я быным хуэдэут, ди языхэзым и екъулІэныгъи, зэфІэкІи, уеблэмэ гуныкъуэгуфиу къыддалъагуфырт», - жиІащ Ворошиловэм.

Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёрхэу Къэжэр Борис, Балъкъэз Валерэ, Балъкъэр Тамарэ, Шыбзыхуэ Басир, КІэмыргуей Валентин, режиссёр Дзбагъуэ Роман сымэ, нэгъуэщІхэми ягу къагъэкІыжащ совет актер цІэрыІуэ Захавэ Борис, театрымрэ киномрэ я актер, профессор Этуш Владимир, егъэджакІуэ цІэрыІуэхэу Катин-Ярцев Юрий, Авшаров Юрий, Максаковэ Людмилэ, Лановой Василий, Князев Евгений сымэ, нэгъуэщІ куэдри.

Къэжэр Борис щІалэгъуалэр къыхуриджащ зэхуэсым щыжаІахэм дерс къыхахыну, актёр Іэщ Іагъэр мытыншми, абы лэжьапщІэ тэмэм къыпэмыкІуэми, я гъэм къыхихам хущІемыгъуэжыну. «Фемыхъуапсэ къулейхэм, езыхэр фи зэфІэкІым къеварэхъуапсэ. Ди щІыналъэр хьэпоплъэ щІэныгъэ зэвгъэгъуэту къэвгъэзэжыну», - къыхигъэщащ абы.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэрэшей-Шэрджэсым и Къэрал драмэ театрым и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм и Къэрал ансамбль «Нарт» и артистэу Ахъмэт Аслан, Ахъмэт Аслан и ныбжьыр илъэс 50-рэ ирокъу.

Ахъмэт Аслан и ныбжьыр ирихьэлІэу Адыгэ Республикэм и Къэрал ансамбль «Нарт» и артистэу Ахъмэт Аслан, Ахъмэт Аслан и ныбжьыр илъэс 50-рэ ирокъу.

Ахъмэт Аслан и ныбжьыр ирихьэлІэу Адыгэ Республикэм и Къэрал ансамбль «Нарт» и артистэу Ахъмэт Аслан, Ахъмэт Аслан и ныбжьыр илъэс 50-рэ ирокъу.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Выжь и махуапщІэ выщІэ и уасэщ.

2014 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къэнэжа мазитхум къаІэрыхьэн папщІэ «Адыгэ псалъэ» газетым мы зэманым Іэ щІадз

Пощтым и лэжьакІуэхэм зэбграхыжмэ, абы мазитхум сом 744-рэ кІэпІейкІэ 38-рэ и уасэщ.

Пощт Іуэхущ Іапі эм газетыр къыщыІахыжмэ, сом 474-рэ кІэпІейкІэ 47-рэ щІатыну араща.

Зы мазэм къаІэрыхьэн папщІэ газетым сом 95-рэ кІэпІейкІэ 50-рэ хуоэ.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм МафIэс къэхъунымкIэ шынагъуэ щыщыIэ Гъатхэ-гъэмахуэ лъэхъэнэм илъэс къэс хуэдэу зыхуэгъэхьэзырыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм накъыгъэм и 27-м Налшык къалэ №107-ПП

«МафIэс шынагъуэншагъэм и Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №69-ФЗ-уэ 1994 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыдэкIам и 18-нэ статьям, «МафIэс шынагъуэншагъэм къиубгъуэм я техникэ регламентым и Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №123-ФЗ-уэ 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къыдэкIам и 69-нэ статьям и 15-нэ пунктым, Урысей Федерацэм и Правительствэм «МафIэс къэмыгъэхъуным хуэгъэпса щытыкIэм и Iуэхукlэ» 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къыдигъэкIа Унафэ №390-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щIэ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэзхэм къыщыхъуныр мафIэсхэр зыпхъэIэсынкIэ хъуну жылагъуэхэм къыщыгъэлъэгуар (адзкIэ къыздрыкIуэнур - къыщыгъэлъэгъуаузщ) къыщтэн.

2. МафIэс къэхъунымкIэ шынагъуэ щыщыIэ пIалъэр мэлыжьыхьым и 1-м щIидзэу гъэувын.

3. Iуащхьэмахуэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм (Курданов У.Д.) мафIэс къэхъунымкIэ шынагъуэ щыщыIэ Гъатхэ-гъэмахуэ лъэхъэнэм и пэщIадзэм илъэс къэс зэфIигъэкIыну хуэгъэлъэгъуэн:

мафIэр зыпхъэIэсынкIэ хъуну жылагъуэхэм мафIэс шынагъуэншагъэмкIэ и паспортхэр дэтхэнэри экземпляркIэ хъуу Урысей Федерацэм мафIэс къэмыгъэхъуным хуэгъэпса щытыкIэм и Хабзэхэм (адзкIэ къыкъэрыкIуэнур - Хабзэхэущ) Урысей Федерацэм и Правительствэм «МафIэс къэмыгъэхъуным хуэгъэпса щытыкIэм и Iуэхукlэ» 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къыщта Унафэ №390-мкIэ щIэгъэбыдам и 7-нэ гуэдзэным зэрыщыубыхуэ пщалъэм тету игъэхъэзырыну икIи къыщтэну;

махуищ пIалъэм къитIасу мафIэс шынагъуэншагъэмкIэ паспортым и экземпляр зырыз къагъэлъагъуэ дэтхэнэ жылагъуэми, Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм и Iуэхукlэмкlэ, къыздрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, тхьэмыщIкIагъэ къэзышэ хэхъуныкъащхьэр гъэкIуэдыжьымыкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкlэ и Iуэхущапхъэ нэхъыщхьэм, къыздрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымкIэ икIи гъэкIуэдыжьымыкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къыздгъэпэщыныкIэ Iуащхьэмахуэ районым и комиссэм ягуирэхьынымр;

Iуащхьэмахуэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм зэпымыууэ щIэлъын папщIэ мэзхэм къыщыхъу мафIэсхэм я шынагъуэр зыпхъэIэс дэтхэнэ къуажэми мафIэс шынагъуэншагъэмкIэ и паспортыр къыщIинэну;

къагъэлъэгъуэ жылагъуэхэм я щIыхуэр зэрагъэIэпхъуэну щIыкIэр иубзыхуну икIи игъэтэмэмыну, автотранспорткIэ игъэIэпхъуэ щIыхуэр пIалъэкIэ зыщщысэуну щIыпIэхэр зыхуеинухэмкIэ къызэрагъэпэщын зэрыхуейр къиубытэу;

къызэгъэпэщын:

ягъуэва мардэм къитIасэ и бгъуагъыу мафIэсыр зыубыд Iупэощхьэпохэр (и кIыхьагъкIэ мафIэм щызыхьумэ, мафIэм зэран хуэхъу минералхэр зытекIута щыпIэхэр, пхъэхуейхэмрэ жыгейхэмрэ Iуву къащыкI щыпIэхэр) къызэгъэпэщын, мафIэ зыщIэнэнкIэ хъуну кIэрыхуубжьэрыухэр, пхъэм къыхэщIыкIа пкъыгъуэхэр, жыгхэм къапылъэпа тхьэмпэхэр, удз гъуэр, н.кь. и чэзум ирагъэкъэбзыкIыныр;

гъавэщIанIэхэр, Iуплъэкъ къэзыгъэсэбэпхэм жылагъуэхэм ящIэхэм удз гъуэхэр зэрыщагъэсыни зэпымыууэ кIэлъыплъныр;

къызэрымыкIуэ щытыкIэ къызэрыхъаумкIэ цIыкухэм хъыбар зэрыгъэщIэ Iэмэпсымэхэр, апхуэдэу мафIэс къызэрыхъуам теухуа хъыбарыр зэрыльагъэIэс телефон связыр (радио связыр) зэрадзм икIи ахэр зэрытэмэмым кIэлъыплъныр;

мафIэр псыкIэ зэрагъэнкIыфIхэр (гидрантхэр, псы зэрыт мащхэр, псыхэр, гуэлэхэр, градирнхэр, н.кь. тэмэму щытынкIэ икIи ахэр жащ-махуэм и сут хуэдэ зэманми и чэзум къагъуэтыфынум, абы-хэм мафIэ зэрагъэнкIыфI техникэр псы ирагъэхъуэн папщIэ гъэм и сут хуэдэ зэманми екIуэлIэфынырэ, мафIэр ягъуэнкIыфынр папщIэ зэхуэхъэсэ щыIэ ирагъэкIуэ щытыкIэхэм зэрыхуэхъэзырыр теухуауэ.

7. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну къыдэн щыщIын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и ялэ къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыздрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымкIэ, я IуэхъхэргъэкIуэдыныкъыныкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэр къыздгъэпэщыныкIэ и комиссэм и унафэщI Уянаев К. Хь.-М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
ХРАМОВ Константин

Сыт хуэдэ IэщIагъэмэ ди гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд, арщхьэкIэ къыпхуэнэжыныгъэм хуэдизу дэтхэнэм ди дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ медицинэм епхаэм. А Iэнатlэм пэрыт щIыхуэхэм куэдкIэ елъытащ зи уэзыншагъэм сэкъат иIэ хъуа щIыхуэ, лъэпощхьэпохэр къыззринэкIыу, и къару зэфIэувэжауэ, гъащIэм хьыхьэжыныр. Куэдрэ кхъухь дохутырхэм ди гъащIэ быдэр щаIэщIэлъэи. Зи уэзыншагъэкIэ гуныкъуэгъуэ зыгъуэта, абы иритIейтей щIыхуэм сэбэп, дэIэпыкъуэгъу хуэхъуныр и гъащIэ мардэу мэпсэу зи гугъу фхуэтщIыну дохутырыр. Ар зи IэщIагъэмкIэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэль, зэфIэIэкIышхуэ зиIэ Дзэгъэл Маратщ.

ТэРЧ куейм хьыхэ Курп Ипщэ къуажэм къыщыдгъуащ Марат. Абы и адэ-анэу Дзэгъэлхэ Мусэрэ Нинэрэ я унагъуэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэкIэрэ зэрылъ, адыгэ хабзэрэ нэмысрэ щытепщэ, жыхуаIэм хуэдэт. Апхуэдэ лъэпкъ фIыгъуэхэр я гуащэу яIащ икIи ягъэсащ абыхэм я бынитхур: Светэ, Мухьэмэд, Муэз, Марат, Зое сымэ. Дэтхэнэми щIэныгъэрэ Iэщ Iагъэрэ ирагъэгъуэтащ.

Марат зэрысабийрэ щIэхъуэпсырт дохутыр Iэщ Iагъэм. ЩIалэм ныдэлъфыгъуэ дзэ хуабжу диныжьырт биологием икIи школ программэм и лейуэ абы кIыугъуейрт а унэтIыныгъэмкIэ щыIэ нэгъуэщI щIэныгъэхэр. Щхьэх зымыщIэ, и мурадыр зригъэхъулIэным ещIу ящ ит щIалэщIэм лъэкI кьигъэнакъым. Курыт школыр ехьулIэныгъакIэ кьиухри, Марат КБУ-м и медицинэ факультетым щIэпIыкIыащ, студент нэхъыщIэхэм хальытэуи еджащ. Абы кьыхихат медицинэм и унэтIынгъэхэм ящыщу хирургиер.

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, Дзэгъэлыр гукъыдэжьыщхуэ иIэу пэрыуващ зыхуеджа Iэнатlэм. Ар щылэжьащ щIалъэм и щIыпIэ зыбжанэм. НэхъыфIу ар къыщытщIыхьащ Аруан куей сымаджэщым хирургиемкIэ и куэдакъым щыщIа иныжьэгъэ. Зи Iэщ Iагъэмкlэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэль, зэфIэкIышхуэ зиIэ дохутыр ныбжьыщIэр щIэхыу цIэрыIуэ щыхъуат щIыпIэм. Сымаджэхэм хуабжу яхуэнабдзэгубдзапIъэу, уэ къыздэIэ дэтхэнэми игурэ илрэ щIэзуэ ирихьэкIырт абы и Iэнатlэр. СощIэж: илъэс бжьыгъ хуэдэ ипэкIэ абы и деж зыщигъэхъужауэ щытащ си тхьэмадэ Жаласэ ЩIалэуат. НэфIэгуфIэу, жыджэрагъ хэлъу сымаджэхэм я деж пщэдджыжькъэс щIыхьэ, дэтхэнэми щабэу икIи гуапэу хущыт дохутырым и псалъэри хущхъуэ пэлъытэт. Жэщ-махуэ жимыIэу ар елIалIэрт сымаджэм икIи ар лъэ быдэкIэ гъащIэм хигъэувэжыкIын папщIэ лъэкI кIыгъанэртэкъым.

Мы зэманым Дзэгъэлыр и унафэщIыр Республикэ клиникэ сымаджэщым хирургиемкIэ и къудамэ №1-м. И кьалэн нэхъыщхьэ - сымаджэхэм еIэзэным - къыдэкIуэу унафэщI щыпкъэм къызыхуэтыншэу зыкъзрегъэпэщ къудамэм щекIуэкI лэжьыгъэр. Абы и нэIэм щIэтщ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэль дохутыр Iэкlуэлъакlуэкэр. ЦIыхум и узыншагъэр зэтегъуэзвэжыныр, абы сымаджэм щIапхъэ тынышпIэр зыгъэнэхъапэ гупым хуэарэзыщ сымаджэхэр. Апхуэдэ Iуэху зекIэ Iадахэм, дауи, и фIыгъэ хэлъщ фIыуэ илъагъу Iэнатlэм псэ хьэпэлу илъэс 30-м щIигъуауэ пэрыт Дзэгъэл Марат.

Зи щIэныгъэм, зэфIэкIым сыт щыгъуи хэзыгъэхъуэ, махуэ къэс зэхъуэкIыныгъэщIэхэр зыхыхьэ, къэхутэныгъэщIэхэр щекIуэкI медицинэ щIэныгъэм дэбакъуэ дохутыр Iэкlуэлъакlуэм и лэжьыгъэфIым папщIэ и цIэр фIыкIэ къраIуащ мызэмытIэу. И Iэщ Iагъэмкlэ квалификацэ льагъэ зиIэ дохутырщ ар. Марат къыхуэгъэфэщащ щыхтэу, фIыщIэ тхьылъхэр. Иджыблагъэ Дзэгъэлым къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ льапIэр. Апхуэдэ къэрал гулъытэр хуэфащэ дыдэщ Iэщ Iагъэлlым. Ар абы кьихьащ бгъэдэль щIэныгъэ куумкIэ, зэфIэкIышлъэхэмкIэ, щIыхуэгъэрэ зэхэщIыкIкIэ.

И Iуэху зехьэкIэ екIум хуэфэщэн унагъуэ дахи и щIыбагъ къыдэтщ Марат. Абы и щхьэгъусэ Тири и Iэщ Iагъэкlэ дохутырщ. Ар Налшык дэт поликлиникэ №94-м и къудамэм и унафэщIщ, зыхэт гулпм и деж къэкIуалIэ сымаджэхэми пщIэшхуэ кьыхуащI бгъэдэль Iэкlуэлъакlуагъым папщIэ. Маратрэ Тирэрэ я щIалэ закъуэ Залым нэхъыжьхъэм я щапхъэм тету, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хэлъу ягъэсащ. Залым юрист Iэщ Iагъэм хуеджащ, бгъэдэль зэфIэкIэхэмкlэ и адэ-анэр игъэгуфIэу, и бгъэгуIэу мэпсэу.

Зи Iэнатlэм пэжу, жэуаплныгъэр зыхищIэу кърыт Дзэгъэл Марат дохъуэхъу ирихьэкIащ Iэщ Iагъэм зэхуэхъэсэ Iыхьэр ятыжьым езым и унэтIыныгъэ иIэжщ. ЦIыхур дунейм щехьажам лэжьыгъэ пенсэм и зэхуэхъэса Iыхьэр УФ-м и Пенсэ фондымкIэ къыздгъэпэщащэ, ар зыIэрыхьэжыпхъэхэм ПФР-м зыхуагъаз икIи а мылъкур Пенсэ фондымкIэ Iэрагъэхьэ.

Страховкэ яIэу дунейм ехьажахэм я лэжьыгъэ пенсэм и зэхуэхъэса Iыхьэр зэтеуухуэныр, ар щыIа зэманым мыкъэрыса пенсэ фондым щыкIуэцIрыкIамэ, зыхуэфащэхэм езытыжынур ар щызэхуэхъэса НПФ-рщ, абы теухуа лъэIукIэ зызыхуагъаз эн хуейри арац.

Зи пенсэм и зэхуэхъэса Iыхьэр Урысейм и Пенсэ фондым щызэтеуухуауэ дунейм ехьажам и Iыхьлыхэу ар зыIэрыхьапхъэхэм кьагбгъэдэкI дэфтэрхэр Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэм илъэс закъуэкIэ щыхопIэри ебланэ мазэм ар зыхуэфащэм Iэрагъэхьэным е эрямытыпхъэм теухуа унафэ къащтэ. Ар къыщащта мазэм къыкIэлъыкIуэм и 15-нэ махуэм нэхъ мыгувэу ахъшэр хуауТIыпщ.

Страховкэ иIэу дунейм ехьажа цIыхум и Iыхьлыхэм, хабзэм ипкъ иткIэ (псом япэу - и бынхэр, и щхьэгъусэр, адэ-анэр; етIуанэу анэшхуэхэр, адэшхуэхэр, кьудалъхуэ шыпхъухэр, къуэшхэр, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр), щыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, Пенсэ фондым и район Iуэхущ Iапl эм зыхуагъаза хьунущ. Закъыхуэзыгъэзэхэм, я ныбжьыкIэ, лэжьыгъэм емылъытауэ, ахъшэр псоми зэхуэдэу трагъашэ.

Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● ДифI догъэлъапIэ

Дохутыр щIыпкъэ

Дзэгъэл Марат

ЩIыныгъэхэм ящыщу хирургиер.

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, Дзэгъэлыр гукъыдэжьыщхуэ иIэу пэрыуващ зыхуеджа Iэнатlэм. Ар щылэжьащ щIалъэм и щIыпIэ зыбжанэм. НэхъыфIу ар къыщытщIыхьащ Аруан куей сымаджэщым хирургиемкIэ и къудамэм щыщIа иныжьэгъэ. Зи Iэщ Iагъэмкlэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэль, зэфIэкIышхуэ зиIэ дохутыр ныбжьыщIэр щIэхыу цIэрыIуэ щыхъуат щIыпIэм. Сымаджэхэм хуабжу яхуэнабдзэгубдзапIъэу, уэ къыздэIэ дэтхэнэми игурэ илрэ щIэзуэ ирихьэкIырт абы и Iэнатlэр. СощIэж: илъэс бжьыгъ хуэдэ ипэкIэ абы и деж зыщигъэхъужауэ щытащ си тхьэмадэ Жаласэ ЩIалэуат. НэфIэгуфIэу, жыджэрагъ хэлъу сымаджэхэм я деж пщэдджыжькъэс щIыхьэ, дэтхэнэми щабэу икIи гуапэу хущыт дохутырым и псалъэри хущхъуэ пэлъытэт. Жэщ-махуэ жимыIэу ар елIалIэрт сымаджэм икIи ар лъэ быдэкIэ гъащIэм хигъэувэжыкIын папщIэ лъэкI кIыгъанэртэкъым.

Мы зэманым Дзэгъэлыр и унафэщIыр Республикэ клиникэ сымаджэщым хирургиемкIэ и къудамэ №1-м. И кьалэн нэхъыщхьэ - сымаджэхэм еIэзэным - къыдэкIуэу унафэщI щыпкъэм къызыхуэтыншэу зыкъзрегъэпэщ къудамэм щекIуэкI лэжьыгъэр. Абы и нэIэм щIэтщ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэль дохутыр Iэкlуэлъакlуэкэр. ЦIыхум и узыншагъэр зэтегъуэзвэжыныр, абы сымаджэм щIапхъэ тынышпIэр зыгъэнэхъапэ гупым хуэарэзыщ сымаджэхэр. Апхуэдэ Iуэху зекIэ Iадахэм, дауи, и фIыгъэ хэлъщ фIыуэ илъагъу Iэнатlэм псэ хьэпэлу илъэс 30-м щIигъуауэ пэрыт Дзэгъэл Марат.

Зи щIэныгъэм, зэфIэкIым сыт щыгъуи хэзыгъэхъуэ, махуэ къэс зэхъуэкIыныгъэщIэхэр зыхыхьэ, къэхутэныгъэщIэхэр щекIуэкI медицинэ щIэныгъэм дэбакъуэ дохутыр Iэкlуэлъакlуэм и лэжьыгъэфIым папщIэ и цIэр фIыкIэ къраIуащ мызэмытIэу. И Iэщ Iагъэмкlэ квалификацэ льагъэ зиIэ дохутырщ ар. Марат къыхуэгъэфэщащ щыхтэу, фIыщIэ тхьылъхэр. Иджыблагъэ Дзэгъэлым къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэ льапIэр. Апхуэдэ къэрал гулъытэр хуэфащэ дыдэщ Iэщ Iагъэлlым. Ар абы кьихьащ бгъэдэль щIэныгъэ куумкIэ, зэфIэкIышлъэхэмкlэ, щIыхуэгъэрэ зэхэщIыкIкIэ.

И Iуэху зехьэкIэ екIум хуэфэщэн унагъуэ дахи и щIыбагъ къыдэтщ Марат. Абы и щхьэгъусэ Тири и Iэщ Iагъэкlэ дохутырщ. Ар Налшык дэт поликлиникэ №94-м и къудамэм и унафэщIщ, зыхэт гулпм и деж къэкIуалIэ сымаджэхэми пщIэшхуэ кьыхуащI бгъэдэль Iэкlуэлъакlуагъым папщIэ. Маратрэ Тирэрэ я щIалэ закъуэ Залым нэхъыжьхъэм я щапхъэм тету, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ хэлъу ягъэсащ. Залым юрист Iэщ Iагъэм хуеджащ, бгъэдэль зэфIэкIэхэмкlэ и адэ-анэр игъэгуфIэу, и бгъэгуIэу мэпсэу.

Зи Iэнатlэм пэжу, жэуаплныгъэр зыхищIэу кърыт Дзэгъэл Марат дохъуэхъу ирихьэкIащ Iэщ Iагъэм зэхуэхъэсэ Iыхьэр ятыжьым езым и унэтIыныгъэ иIэжщ. ЦIыхур дунейм щехьажам лэжьыгъэ пенсэм и зэхуэхъэса Iыхьэр УФ-м и Пенсэ фондымкIэ къыздгъэпэщащэ, ар зыIэрыхьэжыпхъэхэм ПФР-м зыхуагъаз икIи а мылъкур Пенсэ фондымкIэ Iэрагъэхьэ.

Страховкэ яIэу дунейм ехьажахэм я лэжьыгъэ пенсэм и зэхуэхъэса Iыхьэр зэтеуухуэныр, ар щыIа зэманым мыкъэрыса пенсэ фондым щыкIуэцIрыкIамэ, зыхуэфащэхэм езытыжынур ар щызэхуэхъэса НПФ-рщ, абы теухуа лъэIукIэ зызыхуагъаз эн хуейри арац.

Зи пенсэм и зэхуэхъэса Iыхьэр Урысейм и Пенсэ фондым щызэтеуухуауэ дунейм ехьажам и Iыхьлыхэу ар зыIэрыхьапхъэхэм кьагбгъэдэкI дэфтэрхэр Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэм илъэс закъуэкIэ щыхопIэри ебланэ мазэм ар зыхуэфащэм Iэрагъэхьэным е эрямытыпхъэм теухуа унафэ къащтэ. Ар къыщащта мазэм къыкIэлъыкIуэм и 15-нэ махуэм нэхъ мыгувэу ахъшэр хуауТIыпщ.

Страховкэ иIэу дунейм ехьажа цIыхум и Iыхьлыхэм, хабзэм ипкъ иткIэ (псом япэу - и бынхэр, и щхьэгъусэр, адэ-анэр; етIуанэу анэшхуэхэр, адэшхуэхэр, кьудалъхуэ шыпхъухэр, къуэшхэр, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр), щыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, Пенсэ фондым и район Iуэхущ Iапl эм зыхуагъаза хьунущ. Закъыхуэзыгъэзэхэм, я ныбжьыкIэ, лэжьыгъэм емылъытауэ, ахъшэр псоми зэхуэдэу трагъашэ.

Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● КъБР-м и Пенсэ фондым

Сом мелуанищым щIигъу

УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм зэфIех Урысей Федерацэм и Правительствэм 2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м къищта унафэ №741-м ипкъ иткIэ, Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым страховкэ яIэу дунейм ехьажахэм я пенсэ зэхуэхъэсэхэу щхьэзакъуэ лицевой счетым и Iыхьэ зэхэм къыщыгъэлъэгъуэр абыкIэ хуитныгъэ зиIэхэм яIэрыгъэхьэжыныкIэ хабзэм тету.

Страховкэ иIэу дунейм ехьажам и пенсэм и зэхуэхъэса (накопительнэ) Iыхьэр ятыжьым езым и унэтIыныгъэ иIэжщ. ЦIыхур дунейм щехьажам лэжьыгъэ пенсэм и зэхуэхъэса Iыхьэр УФ-м и Пенсэ фондымкIэ къыздгъэпэщащэ, ар зыIэрыхьэжыпхъэхэм ПФР-м зыхуагъаз икIи а мылъкур Пенсэ фондымкIэ Iэрагъэхьэ.

Страховкэ яIэу дунейм ехьажахэм я лэжьыгъэ пенсэм и зэхуэхъэса Iыхьэр зэтеуухуэныр, ар щыIа зэманым мыкъэрыса пенсэ фондым щыкIуэцIрыкIамэ, зыхуэфащэхэм езытыжынур ар щызэхуэхъэса НПФ-рщ, абы теухуа лъэIукIэ зызыхуагъаз эн хуейри арац.

Зи пенсэм и зэхуэхъэса Iыхьэр Урысейм и Пенсэ фондым щызэтеуухуауэ дунейм ехьажам и Iыхьлыхэу ар зыIэрыхьапхъэхэм кьагбгъэдэкI дэфтэрхэр Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэм илъэс закъуэкIэ щыхопIэри ебланэ мазэм ар зыхуэфащэм Iэрагъэхьэным е эрямытыпхъэм теухуа унафэ къащтэ. Ар къыщащта мазэм къыкIэлъыкIуэм и 15-нэ махуэм нэхъ мыгувэу ахъшэр хуауТIыпщ.

Страховкэ иIэу дунейм ехьажа цIыхум и Iыхьлыхэм, хабзэм ипкъ иткIэ (псом япэу - и бынхэр, и щхьэгъусэр, адэ-анэр; етIуанэу анэшхуэхэр, адэшхуэхэр, кьудалъхуэ шыпхъухэр, къуэшхэр, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр), щыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, Пенсэ фондым и район Iуэхущ Iапl эм зыхуагъаза хьунущ. Закъыхуэзыгъэзэхэм, я ныбжьыкIэ, лэжьыгъэм емылъытауэ, ахъшэр псоми зэхуэдэу трагъашэ.

Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

Сыт хуэдэ Iэщ Iагъэмэ ди гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд, арщхьэкIэ къыпхуэнэжыныгъэм хуэдизу дэтхэнэм ди дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ медицинэм епхаэм. А Iэнатlэм пэрыт щIыхуэхэм куэдкIэ елъытащ зи уэзыншагъэм сэкъат иIэ хъуа щIыхуэ, лъэпощхьэпохэр къыззринэкIыу, и къару зэфIэувэжауэ, гъащIэм хьыхьэжыныр. Куэдрэ кхъухь дохутырхэм ди гъащIэ быдэр щаIэщIэлъэи. Зи уэзыншагъэкIэ гуныкъуэгъуэ зыгъуэта, абы иритIейтей щIыхуэм сэбэп, дэIэпыкъуэгъу хуэхъуныр и гъащIэ мардэу мэпсэу зи гугъу фхуэтщIыну дохутырыр. Ар зи Iэщ Iагъэмкlэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэль, зэфIэIэкIышхуэ зиIэ Дзэгъэл Маратщ.

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и ЩIалэгъуалэ правительствэр къыззгъэпэщыным теухуа зэпеуэ

КъБР-м и Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм зэпеуэ зэхеубла Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэм къулыкъуэр къыщратыным теухуауэ. Зэпеуэр ирагъэкIуэкI къызэгъэпэщащIуэ, цIыхуэр зэщIэзыгъэуIуэ зэфIэкIхэр зыбгъэдэль нэхъ ныбжьыщIэ акъылыфIэхэр икIи жыдкэрхэр къыхахыу ЩIалэгъуалэ правительствэ зэтраухуэн мурадкIэ.

ЗЭПЕУЭМ хьыхэ хъунущ ЩIалэгъуалэ правительствэм теухуа Положениэм ЩIалэгъуалэ правительствэм хэтхэм зэхуиткIуэхэм еэзгъ цIыхуэхэр.

ЩIалэгъуалэ правительствэр къызэрагъэпэщ зи ныбжьыр илъэс 27-м (зэпеуэм хэтын папщIэ тхылъхэр щита зэманым ирихьэлIэу) фIэмыкIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу студентхэр, аспирантхэр е щIэныгъэ нэхъыщхьэ, курыт къезыт Iэщ Iагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэр къэзыухахэр. Урысей Федерацэм и Хуэ-Iуэ къулыкъуэр зэпеуэм хэтынущ, псоми я зэдай хуитныгъэхэр яIэу.

Зэпеуэм хэтыну мурад зыщIам зэпеуэр езыгъэкIуэкI комиссэм мыпхуэдэ тхылъхэр ирет:

лъэIу тхылъыр;

ягъэува щапхъэм тету игъэхьэзыр анкетэр;

щIалэгъуалэ политикэм, экономикэм, социальнэ зэхуэдитныгъэхэм, щэнхабзэм, нэгъуэщI �IэнатIэхэм жылагъуэм къыщыпэщыт нэхъ мыхьэнэщхуэ зиIэ къалэнхэм теухуа тхыгъэ лэжьыгъэ;

цIыхур хэтми зыгъэбеладжылы тхылъым и копиер;

еджапIэр къызэриухамкIэ тхылъым и копиер е еджапIэм зэрыщIэсыкIэ справкэ;

лэжьыгъэ тхылъым и копиер е лэжьыгъэм зэрыпэрытым (пэрыту щытмэ) цIыхьэт техъуэ нэгъуэщI тхылъхэр.

Тхылъхэр и чэзум е ирикъуу зымытар зэпеуэм хамыгъэхъэныкIэ щхьэусыгъуэ ирокъу.

Зэпеуэр IыхьитIу ирагъэкIуэкI:

ящэр тхыгъэ лэжьыгъэхэм я зэпеуэщ;

етIуанэр зэпеуэм и ящэ Iыхьэм щытекIуахэм зэрепсалъэлIэрщ.

Зэпеуэм хэтхэм тхыгъэ лэжьыгъэхэр зытраухуэу Iуэхуэхэр езыхэм зэрафIэфIым хуэдэу кьыхах. Зэпеуэм кьагъэхьа лэжьыгъэхэр иужькIэ зейхэм иратыжыркъым рецензи уахтыркъым.

Тхыгъэ лэжьыгъэхэр А4 форматым и тхылъымпIэ напэхэм зэрыбкIэ тедзауэ ират. Лэжьыгъэр 1.5-рэ интервалыр я зэхуаку зэрыбкIэ тедза тексту напэкIуэцIипщIым ноблагъэ, шрифтым и инагъыр 14-щ.

Нэхъ куууэ щыгъуазэ фыхуащIыфынущ сыхьэти 9-м къыщыщIэдзауэ 18-м нэс 77-45-96 телефонымкIэ фыпсалъэмэ, сыхьэт 13-м къыщыщIэдзауэ 14-м нэс зэпагъэу, щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэщ.

Зэпеуэм хуагъэхьэзыра тхылъхэр 2014 гъэм фокIадэм и 3-м и пэ кьихуэу КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и управлениэм иратын хуейщ мыпхуэдэ хэщIапIэмкIэ: Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 57.

● Банк Iуэхуэхэр

Куэд дехьэх

Урысейм и ХъуманIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хьэпшып уасэр пластик картэхэмкIэ (эквайринг) щызэIэпах и щыпIэхэм мазих кIуам проценти 10 къаухъуащ икIи терминал 570-м щIигъуащ. Мы зэманым ахэр республикэм и тыкуэнрэ компаниеу 530-м щолажь.

ХьэПШЫПХЭМРЭ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэр ахъшэ хэмыту зэрызэIэпах апхуэдэ Iэмалым куэдыр дехьэх, лъэныкъуэхэм я зэдзэлажьэныгъэр зэманым декIуу ирегъэфIакIуэ. ЩэхуакIуэхэм ахъшэ Iэрылъхьэ къалъхьэн хуей хъурджым, я зэманым къахудегъахуэ. Терминалхэр къэзыгъэсэбэп компаниехэми я сэбэп хэлъщ: банк Iуэхутхьэбзэхэм хуэзэр яхуегъэмащIэ, ахъшэ нэпцIхэм щахъумэ, я бизнесым зрагъэужь.

- Ахъшэ Iэрылъхьэ хэмыту зэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэм илъэс къэс хокъуэ. Экспертхэм зэрыжаIэмкIэ, зызыужьа къэралхэм ахэр процент 90-м щынобла-гъэ. «Пластикым» иефIэкIныныгъэр нэрылъагъущ: зейм теухуа хьыбар псори ехьымэ, и ахъшэр щыгъэбеладжылащ, зэрыхуейуэ кьеГъэсэбэп, езы картэр ес цIыкIущи, дапщэщи къыздепхьэкIыну тынщщ. Сыт хуэдэ ахъшэ бжьыгъэри узыхуей счетым абыкIэ пхуэгъэкIуэнущ, - жеIэ банкым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

Картэкlэ къащхьэм пэкIуэу бонус щыхухах щыIэщи, программэр зэй зэдарэнрэ компаниехэм я хъэпшыпрэ я Iуэхутхьэбзэкlэ къахъуэж хъунущ. Программэм хыхьэн щхьэгъкIэ, адэ-анэр; етIуанэу анэшхуэхэр, адэшхуэхэр, кьудалъхуэ шыпхъухэр, къуэшхэр, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр), щыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, Пенсэ фондым и район Iуэхущ Iапl эм зыхуагъаза хьунущ. Закъыхуэзыгъэзэхэм, я ныбжьыкIэ, лэжьыгъэм емылъытауэ, ахъшэр псоми зэхуэдэу трагъашэ.

Урысейм и ХъуманIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

«Насыпым и абгъуэм» и гуащэ

Хабзэмрэ нэмысымрэ зи Iэпэгъу, цIыхугъэшхуэ зыхэлъхэм нобэрей зэман гугъум ращрихьэлIэкIэ хуабжу ущогуфIыкI. Тынщщ апхуэдэ цIыхухэм уакъыдекIуэнкIэ. Абыхэм я деж кIэ нэхъапэ я щхьэ закъуэр зыхуэгъэзэрацкъым, атIэ къэзыхъуурейхьэми я Iуэху зэрыдэкIыным хущIэкъуныр. Апхуэдэ бзылъхугъэ щыпкъэщ Шэджэм кьалэ ущыдэжкIэ щыт «Насыпым и абгъуэ» Iуэхущ Iапl эм и унафэщI Назрэн Наташэ.

●Щапхъэ

АЛЪХЪЭСХЭ Мухьэрбийрэ Риммэрэ яIаху пажэм курыт школри еджапIэ нэхъыщхьэри екъулIэжкIэ кьиухащ, лэжьыгъэм зэрыпэрыувэри и кьалэнхэр нэгъэсауэ зэрызэфIихыным хущIэкъуу ар апхуэдэщ. Iуэхущ Iапl эр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу егъэлажьэ Наташэ. Игури и псэри етауэ и лэжьыгъэм пэрытщи, абы зи Iуэху щыдэзыхьну кьекIуалIэ псори арэзы ещIыф. ЦIыху псоми я хьэлыр зыкъым, ауэ Назрэным хуэзфIокI дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьахуиГъуэтын: ныжьмкьыи хуэфащэ пщIэ яхуищIу нэхъыщIэми зыдгригъэIуу кьадэкIуэкI. Нэхъыщхьэращи

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

ПУТИН Владимир:
Тхыдэр щІэрыщІэу къиптхыкІыжыным ухущІэкъуныр делагъэкъым, атІэ напэншагъэщ

● Іуэху еплъыкІэ

Урысеймэ зэи идэныкъым Холокостымрэ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм къащыцухуахэмрэ аргуэру къытрагъэзэжу. Ар Путин Владимир жиІащ къэрал зэмыдзэужыгъуэхэм ящыщ журт общинэхэм я раввинхэмрэ лЫкІуэхэмрэ щаІуащІам.

- ДЭ ХУАБЖЬУ дегъэтузаеэ ди дежи нэгъуэщІ щІыпІэхэмэ нацист идеологиер зэрыщызэфІэувэжым икІи нацизмыр къэзыІэтыжыну хущІэкъуэхэм лЫгъэ хэлъу пэщІэт журт жылагъуэм фІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ,- къыхигъэщхьэхуакІащ Путин Владимир.

Раввинхэм ящыщ зым къиІуэтэжащ езыр совет щІалэ щІыкІум Бухенвальд къызэрыщригъэлар: ятэщІыкІэ ерыскъыкІэ къыдэгъэшащ, нужькІэ бишцэм езым и ІэпплъэпкъымкІэ щихъумащ

- Сэ мыбы сызэрыщІэсри сызэрыныв-вэпсалъэри зи фІыгъэр а фи хэкуэгъум зэрихьа аІыгъэрщ.

- Уэ жьпІащ къызыхэкІа лъэпкъым тещІыхьауэ щІыхуэхэр зэхэгъэжь пщІыныр делагъэу, - пищащ Путиным.- Сэри нэхъапэм апхуэдэу сегупсысу щытащ, ауэ нобж къызолъытэ ар делагъэм нэхърэ нэхъ шынагъуэу. Тхыдэр къизытхыкІыжыну хэтхэр бзаджэнаджэхэмрэ абыхэм я залымыгъэр зышэчахэмрэ «зэзыхъуэкІыну» хущІэкъухэрщ.

Уэ жьпІащ блэкІар пщІыуэ къэІуэтэнкІэ делагъэу. Сэ сызэреплъымкІэ, блэкІар пщІыуэ къэпІуэтэнкІэ напэншэхэм я мурадыр къохъулІэ. Геббельс жиІэгъат щІыр нэхъ фІэщ щІыгъуеихукІэ, ар нэхъ псынщІэу я фІэщ хъууэ. Апхуэдэущ зэрегупсысыр тхыдэр щІэрыщІэу кизытхыкІыжхэр.

СМИРНОВ Дмитрий.
«Комсомольская правда»

Урысейхэм ящыщ куэдым загъэпсэху, ауэ политик Іэтащхьэхэм абы зыхуагъэхьэзыр кУдейщ. Политикхэм я хабзэкъым пІалъэ кІыхькІэ я лэжьыгъэр къагъанэу. Арщхьэкіэ мы гъэм Іуэхум къыхэІэбащ урысей къуплікъущІэ зыбжанэм къаХуэгъэзэауэ Къухьэпіэм игъэува санкцэхэри. Ухуейми-ухуэмеймии, зыщыбгъэпсэхуфынур Урысейм и закъуэщ. Тиншигъуэ псори щымыІэнкІэ хъунщ, арщхьэкІэ щІыуэпсыр сыт и уасэ?!

ЗэкІэ зыри жиІакъым

Президенту щыхахами, премьеру щылэжьами, Путин Владимир зэи иІакъым дэ дызэсам хуэдэ зыгъэпсэхугъуэ зэман. Гъэмахуэм Сочэ щылъатэкІи, Путин махуэ къэс иегъэкІуэкІ зэІущІэхэр. Щыхуащіыхьэм деж Путиным фІэфІщ псыгуэным щесыну, бдзэжьей ещэну.

Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий «КП»-м и лэжьакІуэм къыхэзыжриІамкІэ, ар зэкІэ щыгъуаззэкъым Путиным зыщигъэпсэхуну зэманым.

- Президентыр зыгъэпсэхуакІуэ кІуэну къыщІэкІынщ шыщхьэуІум?

- ЗэкІэ долажьэ, зыри бжесІэфынукъым,- кІэщІу жэуап кІуэритащ.

- Дэнэу пІэрэ Президентым зыщигъэпсэхунур: Сочэ, зыбжанэ Кърым?

- Иджыпсту зыри бжесІэфынукъым,- къытригъэзэжащ Песков.

- Кърымым Президентым зыгъэпсэхупІэ щыхуауэрэ?

- ЗэкІэ щыхуауэрэкъым. Араукъым нэхъыщхьэр.

- Къухьэпіэм и санкцэхэм къыхэкІыу правительствэм министрхэм чэнджэщ ящІащ мы гъэмахуэм зыгъэпсэхуакІуэ нэгъуэщІ къэрал мыкІуэну. Кремлми апхуэдэ гуэр къыщыцІыжащІа?

- Хьэуэ. Зыми зыри жиІакъым.

- НэгъуэщІу жыпІэмэ, Кремлым и лэжьакІуэхэм зыщагъэпсэхуакІуэ къэралэм зыщагъэпсэху хъунщ.

- Дауи.

ЛДПР-м и унафэщІ Жириновский Владимир дэни и Іуэху къыщокІ: Муроми, Кърымми, уеблэмэ Барвихэ щыІэ санаторэми.

- ЗыгъэпсэхуакІуэ дыкІуэфынукъым. Хэхьыгъэхэр къыщэрыблэгъаи къыхэкІыу, дылажьэурэ зыдгъэпсэхунущ, - къыжриІащ Жириновскэм журналистым.

ЛДРПІм и унафэщІым и мурадщ Владимир областым щыІэ Муром махуитІ щигъэкІуэну.

- Бадзэуэгъуэм и кІэм - зыщыщхьэуІум и пэм сэ Тверь областым щыІэ Селигер гуэлым сыкІуэнурэ абы зыщыщІэгъэпсэхунущ,- дыщегъэгъуазэ и мурадхэм Жириновскэм. ЩыщхьэуІум зы тхъэмахуэ зэхуаку Кърымым щызгъэкІуэну къыщІэкІынщ. Зы илъэсым кІуриблыдэу зызгъэпсэхуну къыщысхуихуэр махуипщІ кІудейщ.

Жириновскэм зиумысжащ зыщигъэпсэхукІэ псым есыну, лъэсу кІыкІухьи, волейболрэ бадминтонрэ джэгуну зэрыфІэфІымкІэ.

Тенджызымрэ зэІущІэхэмрэ

Премьер Медведев Дмитрий зыщыхьэуІум и япэ тхъэмахуитІым зэрылажьэм хуэдэурэ зигъэпсэху хабзэщ. А зэманым ар макІуэ Сочэ щыІэ «Ривьера» хэщІапІэм. Мыбы щыІуэщІэ куэдым. Абыхэм яхэтщ хамэ къэрал лажьакІуэхэри. Премьерым и пресс-секретарь Тимаковэ Наталье и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, Медведевым и мурадкъым мы гъэм Кърымым зыщигъэпсэхуну. Арщхьэкіэ кІуэнкІэ хуэщІ зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэтын мурадкІэ. Кърымыр Урысейм къызэрыкъыхьэрэ ар абы зыбжанэрэ щыІэ санаторэми.

-Гъэмахуэм зыщигъэпсэхукІэ Медведевым фІэфІщ псым есыну, лъакъуэрыгъажкІэ къижыхьыну, бадминтон джэгуну, тхылъ еджну. ЖеІэ тхылъ еджну Москва зэман къыщыхудэмыгъахуэу.

ХущІыхьэхэркъым

Къэрал Думэм и депутатхэр зыгъэпсэхуакІуэ макІуэ, ауэ абы къикІыркъым ахэр Іуэхуншэу щысыну. Дэ иджыри хабзэгъуэ проектищ зыбжанэ къыкІэлыкІуэ сессием хуэдгъэхьазырын хуейщ, - жиІащ Ищхъэрэ палатэм и спикер Нарышкин Сергей. - Сэ бадзэуэгъуэмрэ щыщхьэуІумрэ зэІущІэ куэдым сыхэтын хуейщи, зызгъэпсэхун пащІэ зэманы къысхудзэхуэнур мащІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Урысейм зыхуегъэхьазыр Ямэ дунейпсо зауэм зэрыщІидзэрэ ильэси 100 зэзэрикъум. Сэ си мурадщ абы егъэщІылІа Іуэхухэм сыхэтыну.

СыщыхущІыхьэ зэманыр щызгъэкІуэнкІэ сыщалъхуа Петербург. Си классзэгъэхэм, область правительствэм къыщІэздэлэжьахэм саухэзэнущ. Сыхуейт Ленинград областым къыщыІэІуаха гольф-клубым сеплъыну, Іэмал згъуэтмэ, сыщыджэгуну.

Я Хэку имыкІыну чэнджэщ ират

ПсомкІи къуаншэр Къухьэпіэм и санкцэхэрщ. Абыхэм япкъ иткІэ, правительствэм и вице-премьерхэу Козак Дмитрийрэ Рогозин Дмитрийрэ яхэту къуплікъущІэхэу зыбжанэ нэгъуэщІ къэралхэм кІуэ мыхъуну ягъэшащ. ИужькІэ правительствэм щыщ псоми жраІащ хамэ къэрал зыгъэпсэхуакІуэ мыкІуэмэ нэхъыфІу. Псом хуэмыдэу Урысейм санкцэхэр къыхуэзыгъэува къэралхэм.

- Зыми зыри хигъэзыхьыркъым, - къызэригурагъІуащ премьерым и пресс-секретарь Тимаковэ Наталье. - Ауэ санкцэхэм хивыдахэм якъуэувэн мурадкІэ правительствэм хэтхэм мурад яІащ нэгъуэщІ къэралхэм зыщамыгъэпсэхуну.

Щэхуу зыри зыщІыпІи кІуэфынукъым. ЗыгъэпсэхукІэ кІуэ ягъэкІуэн папщІэ ятІэлъым правительствэм хэтхэм къыщыгъэпсэхуну хуейщ зыщагъэпсэхуну я мурад щыпІэр.

Вице-премьерхэу Голодец Ольгэ, Козак Дмитрий, Дворкович Аркадий сымэ я мурадщ, зэман къахудэхуэмэ, урысей зыгъэпсэхупІэхэм кІуэну. Голодец Ольгэрэ Дворковичрэ Аркадийрэ Кърымыр къыхахауэ къыщІэкІынущ.

Фомрэ бдзэжьеймрэ

КПРФ-м и Іэтащхьэ Зюганов Геннадий зэи фІэфІу щытакъым нэгъуэщІ къэралхэм зыщигъэпсэхун. Москва и гъунэгъу дачэр е щалъхуа Орёл областыр нэхъ къеущэ. Іэпъэбгуэхэр къещыпІ, езым, уеблэмэ бжьаІуэ иІэжщ.

«Захуагъэ здэщыІэ Урысейм» и пашэ Миронов Сергей фІэфІкъым тенджыз Іуфэм дыгъэм зыщригъэун. Сыбырым, КъуэкІыпІэ Жыжьэм, ищхъэрэ лъэныкъуэм зыщилпІыхьмэ нэхъ къеущэ, бдзэжьей ещэным дежьэх. Тенджыз Іуфэм щыкІуэр и Іыхьлыхэм къыщытракъуэзм дежщ.

КРИВЯКИНЭ Еленэ.
«Комсомольская правда»

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Уи Хэку нэхъыфІ щыІэкъым

къыхэкІыу правительствэм министрхэм чэнджэщ ящІащ мы гъэмахуэм зыгъэпсэхуакІуэ нэгъуэщІ къэрал мыкІуэну. Кремлми апхуэдэ гуэр къыщыжиІа?

- Хьэуэ. Зыми зыри жиІакъым.

- НэгъуэщІу жыпІэмэ, Кремлым и лэжьакІуэхэм нэгъуэщІ къэралхэм зыщагъэпсэху хъунщ.

- Дауи.

ЛДПР-м и унафэщІ Жириновский Владимир дэни и Іуэху къыщокІ: Муроми, Кърымми, уеблэмэ Барвихэ щыІэ санаторэми.

- ЗыгъэпсэхуакІуэ дыкІуэфынукъым. Хэхьыгъэхэр къыщэрыблэгъаи къыхэкІыу, дылажьэурэ зыдгъэпсэхунущ, - къыжриІащ Жириновскэм журналистым.

ЛДРПІм и унафэщІым и мурадщ Владимир областым щыІэ Муром махуитІ щигъэкІуэну.

- Бадзэуэгъуэм и кІэм - зыщыщхьэуІум и пэм сэ Тверь областым щыІэ Селигер гуэлым сыкІуэнурэ абы зыщыщІэгъэпсэхунущ,- дыщегъэгъуазэ и мурадхэм Жириновскэм. ЩыщхьэуІум зы тхъэмахуэ зэхуаку Кърымым щызгъэкІуэну къыщІэкІынщ. Зы илъэсым кІуриблыдэу зызгъэпсэхуну къыщыщсхуихуэр махуипщІ кІудейщ.

Жириновскэм зиумысжащ зыщигъэпсэхукІэ псым есыну, лъэсу кІыкІухьи, волейболрэ бадминтонрэ джэгуну зэрыфІэфІымкІэ.

Тенджызымрэ зэІущІэхэмрэ

Премьер Медведев Дмитрий зыщыхьэуІум и япэ тхъэмахуитІым зэрылажьэм хуэдэурэ зигъэпсэху хабзэщ. А зэманым ар макІуэ Сочэ щыІэ «Ривьера» хэщІапІэм. Мыбы щыІуэщІэ куэдым. Абыхэм яхэтщ хамэ къэрал лажьакІуэхэри. Премьерым и пресс-секретарь Тимаковэ Наталье и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, Медведевым и мурадкъым мы гъэм Кърымым зыщигъэпсэхуну. Арщхьэкіэ кІуэнкІэ хуэщІ зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэтын мурадкІэ. Кърымыр Урысейм къызэрыкъыхьэрэ ар абы зыбжанэрэ щыІэ санаторэми.

-Гъэмахуэм зыщигъэпсэхукІэ Медведевым фІэфІщ псым есыну, лъакъуэрыгъажкІэ къижыхьыну, бадминтон джэгуну, тхылъ еджну. ЖеІэ тхылъ еджну Москва зэман къыщыхудэмыгъахуэу.

Хущ1ыхьэхэркъым

Къэрал Думэм и депутатхэр зыгъэпсэхуакІуэ макІуэ, ауэ абы къикІыркъым ахэр Іуэхуншэу щысыну. Дэ иджыри хабзэгъуэ проектищ зыбжанэ къыкІэлыкІуэ сессием хуэдгъэхьазырын хуейщ, - жиІащ Ищхъэрэ палатэм и спикер Нарышкин Сергей. - Сэ бадзэуэгъуэмрэ щыщхьэуІумрэ зэІущІэ куэдым сыхэтын хуейщи, зызгъэпсэхун пащІэ зэманы къысхудзэхуэнур мащІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Урысейм зыхуегъэхьазыр Ямэ дунейпсо зауэм зэрыщІидзэрэ ильэси 100 зэзэрикъум. Сэ си мурадщ абы егъэщІылІа Іуэхухэм сыхэтыну.

СыщыхущІыхьэ зэманыр щызгъэкІуэнкІэ сыщалъхуа Петербург. Си классзэгъэхэм, область правительствэм къыщІэздэлэжьахэм саухэзэнущ. Сыхуейт Ленинград областым къыщыІэІуаха гольф-клубым сеплъыну, Іэмал згъуэтмэ, сыщыджэгуну.

Я Хэку имыкІыну чэнджэщ ират

ПсомкІи къуаншэр Къухьэпіэм и санкцэхэрщ. Абыхэм япкъ иткІэ, правительствэм и вице-премьерхэу Козак Дмитрийрэ Рогозин Дмитрийрэ яхэту къуплікъущІэхэу зыбжанэ нэгъуэщІ къэралхэм кІуэ мыхъуну ягъэшащ. ИужькІэ правительствэм щыщ псоми жраІащ хамэ къэрал зыгъэпсэхуакІуэ мыкІуэмэ нэхъыфІу. Псом хуэмыдэу Урысейм санкцэхэр къыхуэзыгъэува къэралхэм.

- Зыми зыри хигъэзыхьыркъым, - къызэригурагъІуащ премьерым и пресс-секретарь Тимаковэ Наталье. - Ауэ санкцэхэм хивыдахэм якъуэувэн мурадкІэ правительствэм хэтхэм мурад яІащ нэгъуэщІ къэралхэм зыщамыгъэпсэхуну.

Щэхуу зыри зыщІыпІи кІуэфынукъым. ЗыгъэпсэхукІэ кІуэ ягъэкІуэн папщІэ ятІэлъым правительствэм хэтхэм къыщыгъэпсэхуну хуейщ зыщагъэпсэхуну я мурад щыпІэр.

Вице-премьерхэу Голодец Ольгэ, Козак Дмитрий, Дворкович Аркадий сымэ я мурадщ, зэман къахудэхуэмэ, урысей зыгъэпсэхупІэхэм кІуэну. Голодец Ольгэрэ Дворковичрэ Аркадийрэ Кърымыр къыхахауэ къыщІэкІынущ.

Фомрэ бдзэжьеймрэ

КПРФ-м и Іэтащхьэ Зюганов Геннадий зэи фІэфІу щытакъым нэгъуэщІ къэралхэм зыщигъэпсэхун. Москва и гъунэгъу дачэр е щалъхуа Орёл областыр нэхъ къеущэ. Іэпъэбгуэхэр къещыпІ, езым, уеблэмэ бжьаІуэ иІэжщ.

«Захуагъэ здэщыІэ Урысейм» и пашэ Миронов Сергей фІэфІкъым тенджыз Іуфэм дыгъэм зыщригъэун. Сыбырым, КъуэкІыпІэ Жыжьэм, ищхъэрэ лъэныкъуэм зыщилпІыхьмэ нэхъ къеущэ, бдзэжьей ещэным дежьэх. Тенджыз Іуфэм щыкІуэр и Іыхьлыхэм къыщытракъуэзм дежщ.

КРИВЯКИНЭ Еленэ.
«Комсомольская правда»

● Шэшэн

Хабзэжьым хуокІуэж

Грознэм щыщІу полицей Допаев Ахьмэд зыцІэ щІэпхьаджащІэ Дахтаев Хьусейн и унагъуэр дахуащ щыпсэуа Гой-Чу къуажэм. Абы жьлэр ябгынэн хуей хъуащ къуажэдэсхэм я зэхуэсым апхуэдэ унафэ къищта иужь. Боевикыр зыубыдым сом мелуани 10 иритыну Кадыров Рамзан къигъэгугъат, ауэ ар псэуу я ящІыхьакъым - къаруэхьэхэм Іэщхькіэ къахуэу щыхуежьэм ящІащ.

МЭЖДЖЫТЫМ и гупэм щызэхуэса къуажэдэсхэм я унафэм Дахтаев Хьусейн и адэ-анэр едэІуащ я щІэхэр ехьэхуэ, щыму.

- Ди къуажэм щыпсэу псоми унафэ яІащ Дахтаевым и адэ-анэр, и къуэшхэмрэ щыпхьэхэрэ Шэшэным игъэкІын хуейуэ, - къыджиІащ Гой-Чу и администрацэм и Іэтащхьэ Алаудинов Адлан. - Здэіэпхъуам сыщыгъэзэкъым, ауэ фІыуэ сощІэ зы кавказ республикиз зэрырамыгъэхьэнур.

Емыкіу къэзыхьа унагъуэр къуажэм дэхунар вайнаххэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекІуэкІ хабзэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Шэшэным и гъунэгъу Ингушым и муфтиятым иджыблагъэ унафэ ящыщащтащ къашэн мурадкІэ хьыджэбз зыдыгъуахэм республикэм и цІыхухэм ящыщу зыри епсалъэ мыхъуну.

ЮЖНЫЙ Михаил.
«Комсомольская правда»

● Іулъхьэ

Илъэси 8-м сом мелуани 140-рэ щІыгъужу

Ставрополь крайм судым унафэ щытри-щІыхьащ Шпаковэ районым и администрацэм мылъку, щІы зэхущытыкІэхэмкІэ и комитетым и Іэтащхьэу щыта Халилов Вадим. КъулыкъущІэр ягъэхъуаншэрт Іулъхьэ къыІихауэ, Іуэхур зэхэзыгъэкІаужьа щхьэрэтамкІэ, 2011 гъэм и дыгъэгъаэм Халиловым ухуакІуэ компанием и унафэщІыр къигъэгугъащ, сом мелуани 4 иритмэ, щІы ІыхьитІ бэджэнду къыІахыным теухуа аукционым щытриГъэкІуэну.

ФИРМЭМ и унафэщІым япэщІыкІэ сом мелуанитІ кулыкъущІэр щыту банк сейфым дилъхьащ. ЩІыр бэджэнду къызэрыратым теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ тридзащ. Іулъхьэм щыщу къэнэжар къыщратынур тхылъ псори зэфІыхьа иужькІэт, Халиловыр хьэрычэтщІэм хуэзауэ ахъшэ къыщІихым яубыдащ. Фирмэм и унафащІыр полицэм хуэтхьэусыхауэ къыщІэкІат.

Халиловыр занщІэу ягъэтІысакъым абы игугъащ зигъэпщкІуну. Ауэ жьжьэ нэсакъым - Краснодар крайм хабзэхьумэхэм щаІэрыхьащ.

Іуэхур ильэситІрэ ныкъуэкІэ зэкъагъэкІащ. Халиловым тезыру тралъхьа ильэси 8-р щыхьэхьІнущ тутнакъэр ткІийуэ щаІынгъ лъэхъуэщІ. Абы апхуэдэу къуэдауэ сом мелуани 140-рэ ипшынышъ жьн ящІ.

ДРОБОТОВ Алексей.
«Комсомольская правда»

ІэфІу къыпфІэщІми...

ГМО. Сыт ар зищІысыр?

● Ерыскъы

Трансген, генно-модифицированнэ организмхэм (ГМО) дауэ дахущытын хуей? Абы зэреплъэр зэтехуэрэкъым. Къэрал Думэм хабзэ щагъэхьэзыр ГМО-хэр къэзыгъэсэбэпхэм ягугъэныбжьэ ящІ. Ди къуажэм щыпсэу ГМО-хэр къызыгъэхьазыр ГМО-м и ІэнатІэм Іуамыгъэкіынымкіэ къащхьэщыхьыну хабзэм и проект.

МЫ ЗЭМАНЫМ УФ-м и Лэжьыгъэ кодексым апхуэдэ хуитныгъэ лэжьакІуэ гуп щхьэхуэхэм ярет. ЗэфІагъэкІ лэжьыгъэмрэ я ІэщІагъэм зэрыхьащІыкІымрэ щызэхуэдэм и деж ефІэкІыныгъэ ират щІыхуитІ е нэхъыбэ зыпІхэм, улахуэ зрат нэгъуэщІ лэжьакІуэ зи унагъуэ имысхэм, лэжьыгъэкІэ фэбжь зыгъэуэтахэм (сымаджэ хьэхэм), Хэку зауэшхуэмрэ къэралыр яхъумэу екІуэкІа зэхэуэхэмрэ ныкъуэдыкъуэ хэхъуэхьахэм, зэрылажьэм хуэдэурэ зи ІэщІагъэм хэзыгъахъуэжьм. Иджы апхуэдэхэм хагъэхьэнущ пенсэ кІуэгъуэм нэблэгъахэри.

Зи ныбжьыр илъэс 40-м щІигъуа цІыхум и дежкІэ гугъущ лэжьапІэ къиГъуэтыну. Лэжьапіэ щагъэувкІэ цІыхухэр зэхэгъэж зыщІ хъыбарегъащІэхэр къытрадзэну хуит ямыщІ пэтми, лэжьапІэ къезытхэм нэхъ къащтэ унагъуи сабийхэри зыкІэрымыщІа ныбжьыщІэхэр. ЛэжьакІуэхэр щагъэмахуэ гольф-клубым сеплъыну, Іэмал згъуэтмэ, сыщыджэгуну.

Я Хэку имыкІыну чэнджэщ ират

ПсомкІи къуаншэр Къухьэпіэм и санкцэхэрщ. Абыхэм япкъ иткІэ, правительствэм и вице-премьерхэу Козак Дмитрийрэ Рогозин Дмитрийрэ яхэту къуплікъущІэхэу зыбжанэ нэгъуэщІ къэралхэм кІуэ мыхъуну ягъэшащ. ИужькІэ правительствэм щыщ псоми жраІащ хамэ къэрал зыгъэпсэхуакІуэ мыкІуэмэ нэхъыфІу. Псом хуэмыдэу Урысейм санкцэхэр къыхуэзыгъэува къэралхэм.

- Зыми зыри хигъэзыхьыркъым, - къызэригурагъІуащ премьерым и пресс-секретарь Тимаковэ Наталье. - Ауэ санкцэхэм хивыдахэм якъуэувэн мурадкІэ правительствэм хэтхэм мурад яІащ нэгъуэщІ къэралхэм зыщамыгъэпсэхуну.

Щэхуу зыри зыщІыпІи кІуэфынукъым. ЗыгъэпсэхукІэ кІуэ ягъэкІуэн папщІэ ятІэлъым правительствэм хэтхэм къыщыгъэпсэхуну хуейщ зыщагъэпсэхуну я мурад щыпІэр.

Вице-премьерхэу Голодец Ольгэ, Козак Дмитрий, Дворкович Аркадий сымэ я мурадщ, зэман къахудэхуэмэ, урысей зыгъэпсэхупІэхэм кІуэну. Голодец Ольгэрэ Дворковичрэ Аркадийрэ Кърымыр къыхахауэ къыщІэкІынущ.

Фомрэ бдзэжьеймрэ

КПРФ-м и Іэтащхьэ Зюганов Геннадий зэи фІэфІу щытакъым нэгъуэщІ къэралхэм зыщигъэпсэхун. Москва и гъунэгъу дачэр е щалъхуа Орёл областыр нэхъ къеущэ. Іэпъэбгуэхэр къещыпІ, езым, уеблэмэ бжьаІуэ иІэжщ.

«Захуагъэ здэщыІэ Урысейм» и пашэ Миронов Сергей фІэфІкъым тенджыз Іуфэм дыгъэм зыщригъэун. Сыбырым, КъуэкІыпІэ Жыжьэм, ищхъэрэ лъэныкъуэм зыщилпІыхьмэ нэхъ къеущэ, бдзэжьей ещэным дежьэх. Тенджыз Іуфэм щыкІуэр и Іыхьлыхэм къыщытракъуэзм дежщ.

КРИВЯКИНЭ Еленэ.
«Комсомольская правда»

Щхьэкіи лъакъуэкіи

- Жалэ хьэпІащІэхэр зыукІ щхьэхьхэм сэбэп хъуэхэри, псалъэм и хьэтыркІэ, бжьэхэри, игъалІэу.

- ЯпэщІыкІэ я гугъащ бжьэхэр гъуащэу, я матэхэм емыкІуэлІэжыфу. ИльэситхУ и пэкІэ Европэ ИщхьэрэмрэАмерикэ ИщхьэрэмрэБжьэ матэхэм я процент 90-м хуэдизыр Іисраф щыхъуащ. И щхьэусыгъуэхэр иджыри къэс кІахуэщІакъым.

- Псэущхьэхэм щІэблэ къащІэмыхьуэжу ятх. Ар пэж?

- Бжьэхэм теухуауэ сщІэркъым, ауэ ГМО-хэр хуабэ зыкІэфІ псэущхьэхэм ебгъэшхэмэ, пэжщ. 2013 гъэм Австралием къыщыгъэзащ иужьрей къэхутэныгъэхэм кІыкІуахэр. Дзыгъэушхуэм хуэдэу кхъуэхэми щІэблэхэр яфІэкІуэду хуоижь. Абы щыгуэми, бзыуэ кІалъхур нэхъыбэ мэхъу. Ди къэралым апхуэдэ къэхутэныгъэхэр щригъэкІуэкІащ Ермаковэ И.В. (биологие щІэныгъэхэм я доторщ, ООН-м и деж щыІэ цІыхубз экологие комиссэм хэтщ - К. А.). Абы къикутащ ГМ-къэкІыгъэхэр зышхэр нэхъ бзаджэ зэрыхъур. Уеблэмэ анэхэм я шырхэр щашыж къоты.

Зи гугъу тщІы лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыным ахъшэ зэрыхуамыхьыр тхьэмыщкІагъащ. Уеблэмэ Къухьэпіэм апхуэдэ къэхутэныгъэхэр щыпхамыгъэкІыну хущІокъу, ауан ящІыну пылъщ.

- Къыщэрыщ1экІымкІэ, дызыщымыгъуазэ къэкІыгъэ къыдогъэкІ, ар Іэщым идогъэшх.

- Зыми ешІэ фІэфІу ГМО-хэр къигъэкІыркъым. Хагъэзыхь, «Монсанто» компаниер хущІокъу псоми апхуэдэ къэкІыгъэ тригъэсэну. КъыпэщІэувэхэм йоныкъуэкъу, суд Іэмалхэри къыщІэсэбэпуэ. КъулыкъущІмэхэм ягурыуэри, «Монсанто» компаниэм Индием и фермерхэр ирихулІащ ГМ-къэкІыгъэхэм ящыщ бжьэхуэ фІэкІа ямыщІэну. НэгъуэщІ хэпсэнмэ, банкхэм кредит къуатныкъым. Іуэхур зыхуэхІэрацІи, мэкъумэшыщІэхэр къупелсыз зэтехуауэ, зызыуІкІыжари мащІэкъым.

Иджыри зы. Американхэм къыщІагъэкІ гербицидыр, раундапкІэ зэджэр, псынщІэу щІыуэпсым хэшыпсыкъэрэ кІуэдыжу къалъытэ. Арщхьэкіэ Іуэхур зыІутыр нэгъуэщІщ: зы щІыпІэ щокІуэдыж, нэгъуэщІ щІыпІэ къыщоиж. Щхъэхьыр щызэтрехь фошыгъу жэгундэм, бжьэхуцым. Пэжщ, дэри американхэми бжьэхуц дагъэ тшыхрыкьм, ауэ зэрыщыту Азие Курытым, Индием, нэгъуэщІ къэралхэм щашх. Къызыхьыр сщІэркъым, ауэ абы и гугъу ящыркъым ди СМИ-хэми.

Зэрыпхъуакіуэхэу къыщІокІ...

- Аращ. Жылапхъэхэр зыгъэхьэзырхэм я нэхъыбэм США-м штабфэтэрхэр щаІэщ. Зэрыгурыуэгъуэщи, дэтхэнэ я къэралми ерыскъы и лъэныкъуэкІэ и шынагъэншагъэр зэпытар езым къигъэкІыфынрэ къигъэхъуфынрэ зыхуэдизырщ. Жылапхъэ ямыІэмэ-щэ? Аращи, къэрал псом и цІыхухэр мэжащІалІэу къагъэнэфынущ тыншу.

- ГМО-хэм дытопсэлъыхь къэкІыгъэхэм, хьэпІащІэхэм, псэущхьэхэм ярищІэм ятещІыхьауэ. ЦІыкІуэм сыт къаригъэр?

- Хэт ар зыщІэр? Дызыщыгуаэзэр Инджылызым и правительствэм и ахъшэкІэ и къэралым зы гъэнэхунымгъэ закъуэ зэрыщрагъэкІуэкІарщ. КъызэрыщІэкІамкІэ, ГМ-къэкІыгъэхэм къыхахыкІа ерыскъыкІэ ягъашхэ сымаджэр нэхъ гъэхъуэжыгъуэй мэхъу.

- ГМ-къэкІыгъэхэм къыхахыкІа ерыскъыхэхэм лышхьэм, аллергием ухуашэнкІэ, кІуэцІ хуэгъэ къагъэхьеинкІэ хъуну ятх.

Пэж дыдэщ

- ЩІэныгъэм пэжыжьэ гъ тыкуэным сыщІыхьа иужькІэ сошынэ, къэсщэхур зищІысыр сыту пІэрэжысІэу?

- ЗэкІэ ГМ-къэкІыгъэхэр ди деж щыхасэрэкъым, ауэ абы къыхэщыкІа къэпщэхуфынущ. Псалъэм папщІэ, соер, нартыху лІэужьыгъуэ зыбжанэ. Абы щыгуэми, Къухьэпіэм ахэр узынщагъэм зэран зэрыхуэхуэр зэрыщагъэбелджылырэ куэд щІащ. Мис иджы хуит ящІ ерыскъым халъхьну. Псалъэм и хьэтыркІэ, фошыгъу жэгундэр...

- Соер ерыскъыхэкІ куэдым халъхьэ. Псоми укІэпсыпІпыфынукъым.

- Сыт щхьэкІэ? Фошыгъу псори хуэзэфІэкІынущ. Арщхьэкіэ щыхуэмей щыІэщ. Урысейр ВТО-м хыхьэн папщІэ экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министр Греф правительствэм и цІэкІэ Іэ тридзэн хуей хъуащ ГМО-хэр ди къэралым къыщагъэсэбэпыну хуит зэращІымкІэ щэсыпІэ езыт тхылъхэм. Абы къыхэкІыу правительствэр ерыщу хущІокъу ГМ-къэкІыгъэхэм къыхаха зэращэм къинэмыщІауэ щагъэкІыну хуит ящІыну.

- Сэ тыкуэным къыщыгсщІэфынуэ ерыскъым трансген хэлъэр хэмылъэр? Маркировкэм дзыхь хуэсщІ хъунущ?

- Ущыгъэ, дауи, гъэщІэгъуэнщ. Ди деж къыщымыгъэлъагъуэм мэхъу ерыскъым хэлъ трансгеннкэр процент 0,9-м щІимыгъуэмэ. Ауэ а процентхэм я къыхэкІыпІэр сыт? Европэм, псалъэм и хьэтыркІэ, ерыскъым хэлъ соем и куэдагъырщ. Ди деж апхуэдэ пщалъхьэ щыІэкъым.

- Аращи, дэ нобэ къыщыщхьэщыжын щыІэкъым?

- Сыт щыгъуи хуэдэу.

- ГМО-хэр Іэщэ?

- Арауэ жьпІэ хъунущ.

- Ар ебгъапщэ хъуну цІыху куэд зэрыщэтрауКІэ Іэщэм?

- ЕгъэлепІауэ, ауэ ипэжьпІэкІэ апхуэдэу щытщ.

- Сыт хуэдэ ерыскъыхэра ГМО-хэр зыхэлъынкІэ хъунур?

Сытми. Псэущхьэхэм трансген нартыху яшх. Абыхэм я лыр шынагъуэ хъыбарэ пщыхь хъуну? Къэхутэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыркъым.

- Лъэпкъ шынагъуэншагъэм и зы Іыхьэщ зи гугъу пщІыр. Абы зыгуэр кІэлъыплъын хуейкъэ?

- Хуейщ. Зэзэмызэ апхуэдэ Іуэхуэм хоплъэ. Ауэ абыхэм ярикІуэр зыми ищІэркъым.

- ГМО-хэр зыхуэдизыр къыхэрапщ Іэмэпсымэхэр щыІэ?

- Куэду щыІэщ, ауэ лъапІэщ. Жыс-Іэнщи, ГМ-къэкІыгъэхэр ягъэкІыу щІамыдзэхуакІэ Іуэхур апхуэдэу шынагъуэкъым. Ауэ цІыхум езым зимыгъэхьумэжыфмэ, абы къыщыхэщыжыну зи кІалэныр къэралырщ.

Жылагъуэм куэд хуэзфІэкІынущ. Абы къигъэдзІуэфынущ правительствэр. Дэ Іэ теддзэн хуейщ трансгеннхэр зэращІ, зэращэм кІэлъыплъ Карташен протоколым. Сэ жысІэркъым ГМО псори щынагъуэ дыдэу. Ауэ ахэр зыгъэхьэзыраи дигъэщІэн хуейщ ди пащхьэ кърилъхьэр зыхуэдэр. Ар абы и кІалэныр къызолъытэ.

КАЛИНИН Александр.
«Литературная газета»

Нэхъыжьхэм къащхьэщож

● Къэрал Думэ

Къэрал Думэм къыщыхалъхьащ пенсэ ныбжьым нэблэгъахэр (жыгъэкІэ пенсэм щыкІуэну зэманыр къэсыным иІуэсит фІэкІа къызыхуэмынэжа) лэжьакІуэхэр щагъэмащІэкІэ я Іэнатіэм Іуамыгъэкіынымкіэ къащхьэщыхьыну хабзэм и проект.

ЩІэкІи, ныбжьыщІэхэр нэхъ къагъанэ. Хабзэр къащтэмэ, зи пенсэ кІуэцІ ящІ. Ауэ ныбжьыщІэхэр ящІ. Ди къуажэм щыпсэу ныбжьыщІэхэм я ІэнатІэм къыІунэну. Дауи, лэжьыгъэр фІэкІуэдарэ нэгъуэщІ къэмыгъуэтамэ, и пІалъэр къэмысу пенсэ кІуэ хъунущ. Пэжщ, пенсэу къратынур елытащ илъэс бжыгъэ зэрылэжьамрэ езым и ныбжьымрэ.

Хьэрычэтыщ1э

Жылэ Анатолэ

Тхыдэри тхыгъэри щызэхэухуэна лэжьыгъэхэр

● Гъуаздж

Гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIащ Къумахуэ Мухьадин, Темыркан Геннадий, Накуэ Феликс сымэ.

Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ УФ-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и правленэм хэт Жылэ Анатолэ и графикэ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр. Жылэ Анатолэ къигъэлъагъуащ куэдым зезымыщIыт, гъуаздж1м и жанрхэм ящыщ графикэм зэфIэкI зэрыщIэр.

ЛЪЭПКЪ музейм и блынхэр яуфэбгъуат сурэтыщIым нэхъыфIу ильагъу тхакIуэхэу Искандер Фазиль, Лохвицкий Михаил, Гоголь Николай, Губэщ1ыч Владимир, Пхъэшх Муэлед, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэм, гупсысакIуэхэу Къэзэнокъуэ Жэбагъы, Конфуций я жьIэгъуэхэм, псалъэ шэрыуэхэм яхуищIа сурэтхэм. А псом кыхэщт Жылэ Анатолэ литературэм льагъуныгъэ ин зэрыхуиIэр, абы хуэфащу зэрыдиныхэр. ЩIэн зыхэмыльыжращ, Анатолэ и сурэтхэм я фIыгъэкIэ а тхыгъэхэр тхылъеджэхэм нэхъ гъэщIэгъуэн, гурыIуэгъуэ ящохъу. Псом хуэмыдэу гъэм и зэман пщыкIутIыр, адыгэ маззэцIэхэр удихьэхыу къехъулIащ. Сурэтым къощ зи гугъу ищI зэманыр зыхуэдэр. Ахэр къащхьэпэнущ урысыбзэр щытепщэ ди зэманым гъэм и зэманхэр махуэ къэс адыгэбзэкIэ къэзымыгъэсэбэпхэм.

Музейм и унафэщI **Накуэ Феликс** КъБР-м Щэнхабзэмкl э и министр **Къумахуэ Мухьадин** мы зэхыхьэм япэу псалъэ щритащ.

Министрым выставкэр къыщыуIэхуащ жиIащ цIыху гуапэ, пэж, жэуапльныгъэ инэ зыхэлъ Жылэ Анатолэ и лэжьыгъэхэм еплъыну гъэлъэгъуэныгъэм и гуапэу къызэрыкIуар. Къумахуэ Мухьэдин КъБР-м и Правительствэм и щIыхь тхылъыр Анатолэ щритым къыхигъэщащ сурэтыщI Iэпщ1эльащ1эм хуэфащэ гулъытэ мыгувэу абы къызэрыкIэлъыкIуэнур.

Накуэ Феликс жиIащ Жылэ Анатолэ тхыдэр, гъащIэр, лъагъуныгъэр, дахагъэр, гупсысэр къыщыгъэлъэгъуа и лэжьыгъэхэм цIыху куэд зэрыдахьэхыр, абыхэм куэд зэрыщыщхэуэнар икIи сурэтыщIым ехъуэхъуащ узынщагъэ, гуфIэгъуэ, екъулIэныгъэ иIэну.

КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI **Темыркъан Геннадий** къыхиущащ гъэлъэгъуэныгъэм и фIыгъэкIэ Анатолэ и Iэпщ1эльапщIагъэм и гъунапкъэм щыщ зы Iыхьэ - и графикэ лэжьыгъэхэр зрагъэлъагъуну Iэмал зэралэр, и лъэщапIэм щIэт лэжьыгъэхэм ятепщIыхьмэ, мыгувэу скульптору зыкъызэхъуихыну зэрыщыгугъыр.

Анатолэ жиIащ илъэс зыбжанэкIэ ищIа лэжьыгъэхэр зэхуихьэсу мы гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхигъэхьар, гъэм и зэманхэм я теплъэхэр къызэрыщ адыгэ махуэгъэпс, Къэзэнокъуэ Жэбагъы и жьIэгъуэхэм хуищIа сурэтхэр тхылъ-альбому къыдигъэкIыну зэримурадыр.







Жылэ Анатолэ и сурэтхэр.

Жылэ Анатолэ и къуэш, медицинэм и лэжьакIуэ Исмэхьил къыд -жиIащ литературэм пэжыжьэ цIыхухэм я дежкIэ сурэтыщIым жиIэну зыхуейр мыгурыIуэгъуащэми, лэжьыгъэхэм щIэ куэд зэрыхэпльагъуэр, сурэтхэр зыхуищIа псалъэ шэрыуэхэм акъылыпхуэ зэрахэлъыр, Анатолэ ешьм и Iуэху бгъэдыдэкIэ, дуней лъагъукIэ зэриIэжьыр.

ЕгъэджакIуэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и Iуэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм хэт Багъ Марьям тедгъэпсэльыхьащ лэжьыгъэхэр къызэрыщ1ухъуам.

- Жылэ Анатолэ ди сурэтыщI нэхъыфI дыдэхэм ящыщ1. Ди усакIуэ, гупсысакIуэ нэхъыфIу кьалъытэ Бещтокъуэ Хьэбас и псалъэхэм хуэкIуэн сурэтхэр зэрищIар сигу дыхьащ икIи ахэр гъэщIэгъуэн сщыхъуащ. А лэжьыгъэхэр къызэрыгуэкIкъым. НэгъуэщI щIынальэхэм щыщ гупсысакIуэ Iэзэхэм я псалъэхэр зыщIэлъ и сурэтхэми удамыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым. ЖьпIэнуракъэ, лэжьыгъэхэм куэд къыщигъэсэбэнащ, нэхьыбэжи хнуэхэнщ. Уасэншэщ ди тхылъэр, ди блэкIар, убыхъэр зэрыкIуэдыжар къыщыгъэлъэгъуа и сурэтхэр. Абыхэм гупсысэшхуэ ящIэлъщ. Лэжьыгъэхэм я лъабжьэм абыхэм кьарыкIыр къыбгурагъаIуэу адыгэбзэкIи урысыбзэкIи тхыгъэхэр зэрыщIитхам папщIи фIыщIэ лей хуэфащэщ. Сурэтхэм кIэщIитхам емыджэми, абыхэм къыщыгъэлъэгъуар куэдым гурыIуэгъуэ зэращыхьынуэм шэч зэрыхьмэ. Пэжщ, сурэтхэм «укъеджэфын» щхьэкIэ, гъащIэм куууэ хэпщIыкIыу, куэд пльэгъуауэ, философ, тхакIуэ цIэрыуэхэм я тхыгъэхэм ущыгъуазэу щытын хуейщ, - жиIащ Марьям. - Гуапэщ, гухэхъуэщ лъэпкъым кьыхэкIа цIыхур и тхыдэм зэрытелажьэмэ абы теухуауэ ищIа сурэтхэмрэ зэлъэлъапIыну. Псом хуэмыдэу ахэр щIэблэм щхьэпэнущ. Уи блэкIар, уи бзэр, уи хабзэр, уи нэмысыр, уи литературэр умыщIэмэ, уи къэкIуэнуи пщIэнукъым. Тхыдэм цIыхур егъэIущ, гъащIэм хурегъаджэ. Мы сурэтхэр аращ зытеухуар.

Жылэ Анатолэ ехъуэхъуну гъэлъэгъуэныгъэм зыкъорагъэхьэлIащ и лэжьэгъуэхэм, ныбжьэгъуэхэм, Iыхьлыхэм, благъэхэм, и Iэдакъэщ1экIэхэр зыльытэхэм, Прохладнэ районым и сурэтыщIхэм я «Ренесанс» творческэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Юбилей

Тхыдэр къыдабж

Урысейм Тезырхэр ирегъэхьэкIыныжмкIэ и федеральнэ Iуэхущ1апIэм и управленэу КъБР-м щыIэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Урысейм и Кинолог къулыкъыр къыщызэрежьэрэ илъэси 105-рэ зэрыриныр теухуа зэхьыхь.

УГОЛОВНЭ-гъэззщIакIуэ Iэнатlэм и кинолог къулыкъым и тхыдэр кыдабж илъэс 1ощI и пэкIэ Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэм и нэIэм щIэт къулыкъым къыщагъэсэбэп хьэхэр щаIыгъ кьалэ цIыкIухэр УИС-м къыщагъэхьэжа 1994 гъэм къыщыщIэдзауэ.

Урысей ФСИН-м и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щыIэм и кинолог къулыкъым кьалэныр щрахьэкI Iэщ1агъэпI-кинолог 43-м, хьэ гъэса 70-м.

УФСИН-м и унафэщIым и къуэдзэ къэрал кIуэцI къулыкъым и полковник Фоменкэ Фёдор зэIущIэ кьэзэIуихри, Iуэхущ1апIэм и кинолог къулыкъым я лэжьакIуэхэм, ветеранхэм я махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ.

- ПIэщIыгъуэ куэд хъуауэ хьэм цIыхум къулыкъу ящIащ. УИС-м и Кинолог Iэнатlэр хъумакIуэ къулыкъум къыгуэх зимыIэ и зы Iыхьэщ. Я дзIэпIкъуэгъу хьэ гъэсахэр ящIыгъу кинологхэм тезырхэр щагъэззэкIуэж Iуэхущ1апIэхэм кьалэныр щрахьэкI икIи сыт щыгъуи щIэпхъаджагъэхэр къызэпаудыну хьэзырщ. - къыхигъэщащ Фоменкэ.

- Нобэ дуней псом кьыщоунэку шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщ, щIэпхъаджагъэм ебэныныр езыгъэфIакIуэ Iэмалыщ1эхэр, ауэ хьэ гъэсам кьытекIуэн зэкIэ щыIэкъым. Дыкъэзыухъуреихь дунейм, щызыупсым абы кьыхихьыжа зэфIэкIыр я нэхъ Iэмэпсымэ пльэщми зэрихьэхьэкIыфынукъым, - жиIащ КъБР-м щыIэ УФСИН-м и кинолог къулыкъым и унафэщI къэрал кIуэцI къулыкъым и подполковник ХьэзкIуэн Мурат.

ЗЭБАР Мадинэ.

Лъэпкъыр зыгъэгушхуэ

● Пшыхьхэр

«Нэгъуэщ1 щIалэхэмкIэ уемыплъэкI» зэрэдж1эр-Iуэр жызымыIа уэрэджыIакIуэ диIэу къыщIэкIынкъым. УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Хъупсырджэн Албэчи ар къызэхъулIэхэм ящыщщ. А уэрэдымкIэщ иджыблагъэ абы ита пшыхьыр къызэрыгэIуихар.

АЛБЭЧ школ-интернатым щыщIэсым щегъэжьауэ духовой оркестрым хэту кларнетымрэ накъырэмрэ еуэрт, хор гупми уэрэд щыжиIэрт. АрщхьэкIэ, дэтхэнэ щIалэ цIыкIуми хуэдэу, абы футболыр псом япэ иригъэщIыт. Уебгъэмэ класс нэхъыжьхэм щыщIэсым Бахьсэн и «Автомобилист» футбол клубым щыджэгун ерыщу абы щIидзат. Зы махуэ гуэрым ар ирагъэблагъэ пшыхьым уэрэд щызыкIэну. Гитарэ макъамэ щIэту Албэч а пщыхьэщхьэм жиIащ «Сэрмахуэ» уэрэдыр. ЩIалэм и макъыр абы щыгъуэм зэхихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и оперэ уэрэджыIакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ, Ленинград консерваторэр къэзыуха Къуэдзокъуэ Владимир. Абы Хъупсырджэным къыжриIащ уэрэд жыIэнэр Iэщ1агъэ ищIмэ зэрыщымыуэнур, и макъым хуэдэ зиIэр зэрыззэрызыхэр...

Абы лъандэрэ илъэс зыкъом дэкIыжащ, зэрыжаIэуи, псы куэд ежэхащ. Хъупсырджэным Воронеж консерваторэр кьиухащ, оперэ уэрэджыIакIуэу 150-м нэблагъэ хэту Новосибирск щекIуэкIа зэхьэзэхуэм нэхъыфIу кьалъыта цIыхуи 10-м ящыщ хъуащ. А екъулIэныгъэм иужькIэ Албэч ирагъэблагъат Мурманск филармонием, Свердловск, Воронеж, Новосибирск, оперэ театрхэм, арщхьэкIэ абы и плъапIэр Налшык. Музыкэ театрым зэрыщылажьэрэ Хъупсырджэныр оперэ, опереттэ зэмылIэужьыгъуэхэм партие нэхъыщхьэу 33-рэ щигъэзэщIащ.

«УФ-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр кьызэрыфIащами и хъыбар кIэщI иIэжщ. 1995 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэкэр Москва и «Россия» концерт тыпIэм щекIуэкIыу, Хъупсырджэным Мистер Икс и ариер игъэззэщIат. Абы едэ-Iуа Ельцин Борис абдеж унафэ ищIащ, артистыр и щIыналъэ зэрихьэжу, «УФ-м щIыхь зиIэ и артист» цIэр фIащщыну...

Мы гъэм Албэч егъэлъапIэ утыку кьызэрихьэрэ илъэс 30 зэрырикъур. Оперэ уэрэджыIакIуэм и пшыхьым екIуэлIащ абы и зэфIэкIым дихьэх налшыкдэсхэр, и ныбжьэгъуэхэр и лэжьэгъуэхэр. Мамбэт Мадинэ, Ташло Алий, Мэз Джульеттэ, Хьэкъул Оксанэ, Холамхановы Къайсин, Джыназ Нурбий, Мамий Аслъэн - ди артистхэр гуапэу я уэрэдкIэ Хъупсырджэн Албэч ехъуэхъуащ. Къызэхуэсахэм зэхахащ езы артистми игъэзэщIа и уэрэд нэхъыфIхэр.

«Гъуаздж1м и лIэужьыгъуэ нэхъ гугъуэхэм ящыщщ оперэр. Хъупсырджэн Албэч а къаланым иохъулIэри, псалъэм я нэхъ гуапэр абы хуэфащэщ. Ар ящыщщ лъэпкъыр щIэгушхуэн цIыху пажэхэм, абы къыхэкIыуи и цIэм дропагэ», - жиIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Зеущэ Iэуес.

Дохъуэхъу Хъупсырджэн Албэч узынщагъэ иIэну, и зэфIэкIыр мыкIуэщIыну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ*

Зеущэ Iэуес Хъупсырджэным йохъуэхъу.

Ташло Алий

Мэз Джульеттэ

Мамбэт Мадинэ

Япэ къекIуэкIыгъуэм кърикIуахэр

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и япэ къекIуэкIыгъуэм и кIэух джэгугъуэм къриклуа бжыгъэхэм.

«Тэрчыр» адрейхэм яхэмыту махуэ щхьэхуэхэм мы гъэм зэрыджэгум зэхьэзэхуэм и екIуэкIыкIэр мащIэу къыщэлIащ. Япэ къекIуэкIыгъуэм хэт щытекIуами зэкIэ щызэхэмыкIам и щхьэусыгъуэри аращ. Апхуэдэу щыт пэтми, Бахьсэн и «Автозапчасть»-мрэ «Кэнжэмрэ» адрей я хьэрхуэрэгъуэм ящрьощыкIащ. Абыхэм кьакIэлъокIуэ «Къэхъунымрэ» Налшыки и «Спартак-Д»-мрэ. А зи цIэ къытIуэхэм ящыщу кьыщIэкIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпион хъуну мы гъэм зыхуэзфIэкIынур. Нэгъабэ республикэм щытекIуа Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м иджы ар кьыззремыхъулIэнур пасэ дыдэу наIуэ хъуащ.

Турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэм кьыщыхута «Iэдиихум», «Шэджэм-2»-м, «Шагъдийм», «Анзорейм» я Iэхуэхэр щIагъуэкъым. ЩытыкIэ гугъуэм къикIыу гуп нэхъыщхьэм кьыхэнэфын папщIэ, абыхэм я къару псори етIуанэ къекIуэкIыгъуэм халъхьэн хуейщ.

Бжыгъэшхуэ дыдэхэм ущрихьэлIэ хъуащ ди республикэм и чемпионатым щекIуэкI зэIущ1эхэм. Абы кьеГъэлъагъуэ командэхэм я зэфIэкIыр куэдкIэ ззрызыщхьэщыкIыр. Къапщтэмэ, иужьрей джэгуГуитIым къриубыдэу «Къэхъуным» топибгъу Прохладнэм я хьэрхуэрэгъуэхэм щыхудигъэкIащ (9:0), апхуэдизу дыдэрэ «Бахьсэным» -Iэдиихум» и гъэр хигъэщIащ, «Автозапчасть»-ри «ЩIэджэм-2»-м зэрыщысхьэ щыIэкъым (8:1).

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2014 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Кэнжэ»	16	13	1	2	53-15	40
2.	«Автозапчасть»	15	12	2	1	58-14	38
3.	«Къэхъун»	16	11	1	4	66-26	34
4.	«Спартак-Д»	16	10	3	3	53-29	33
5.	«Велес»	16	9	3	4	29-32	30
6.	«Нарт»	16	8	3	5	50-34	27
7.	«Союз»	15	8	1	6	45-29	25
8.	«Тэрч»	13	8	1	4	33-26	25
9.	«Бедик»	15	7	0	8	41-45	21
10.	«Къэбэрдей»	16	7	0	9	34-39	21
11.	«Прохладнэ»	16	5	2	9	32-51	17
12.	«ЛогоВАЗ»	16	5	1	10	28-42	16
13.	«Бахьсэн»	16	5	1	10	33-40	16
14.	«Анзорей»	16	4	1	11	33-61	13
15.	«Шагъдий»	16	3	3	10	27-39	12
16.	«Шэджэм-2»	16	3	3	10	19-57	12
17.	«Iэдиихуу»	16	1	2	13	12-67	5

Инджылызыбзэ зэвгъащIэ!

Бадзэуэгъуэм и 22-м щыщIэдзауэ мэлажьэ инджылызыбзэм щыхуэгъащIэ школ. Абы щIэтIысхьэнуэр иджыри ятх. Iуэхэр илъэси 8 - 14, илъэс 15 - 18 хъуэхэм ятещIыхьауэ къызэрагъэпэщащ.

ЕджапIэм къекIуэлIэхэр гъэмахуэ мазэхэм къриубыдэу инджылызыбзэкIэ псэлъэфу, къеджэфу, тхэфу ирагъэсэнущ. Абыхэм ядалажьэр илъэс 30-кIэ США-м егъэджакIуэу щылащ.

ЕгъэджакIуэм урысыбзэ зэримыщIэм къыхэкIыу школым щIагъэтIысхьэну ятххэр адыгэбзэ зыщIэхэрщ.

Телефоныр: 8-967-417-78-85.

Да газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур бадзэуэгъуэм и 19-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкl э - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядолжэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм ящу жуэп ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Жыласэ Маритэ, корректорхэу Щ1ыдэжь Инэ** *(1, 2-нэ)*, **Мырзэкъан ФатIимэ** *(3, 4-нэ)*. *Компьютерк1э газетым и теплъэр ищ1ащ* **Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.002 ● Заказ №1415